


# PI GRAN BATAY KI

## TE JANM LIVRE A

 Mèsi, Frè Orman. Seyè a beni ou.

<sup>2</sup> Bonjou, zanmi. M tèlman kontan pou m isi a ankò maten an, e m on ti jan pat atann, mwen sipoze, pou mwenmenm, e mwen sèten se sa pou asanble a. E mwen te jis ap li e . . . Mèsi, sè. E Seyè a te jis sanble Li mete yon ti bagay sou kè mwen, pou pote bay Legliz la, e mwen te panse li te lè pou fè sa. E kounye a sa . . .

<sup>3</sup> Lè m te rive, epi san m pa konnen nou tap isi a dimanch sa a, mwen te anonse ke mwen gen yon—yon Mesaj pou Legliz la. E mwen vle, si Bondye vle, pote Mesaj sa a dimanch pwochen. E li pral gen yon dire byen long, kifè, petèt nou p ap soti anvan midi edmi, inè, petèt, si se nan lè sa a. Sa te sou kè m depi lontan, e mwen panse mwen dwe piblik la yon repons poukisa mwen pat aktif deyò a nan chan an. E mwen te preche toutotou li, men mwen sèten li jis potko janm eksprime jan sa ta dwe ye a. Kifè mwen panse, si Seyè a vle, dimanch pwochen, mwen jis vle pran tan m epi jis montre, rezon an ak poukisa, epi fè nou konnen, selon Lekriti, kisa k ap pase, ou wè, jis poukisa tout sa a fèt. Paske, petèt m a prale lòtbò dlo oswa yon kote trè byento. M ap tann kounye a pou m wè nan ki direksyon L ap rele m pou m ale. Dènye . . .

<sup>4</sup> Apeprè twa nwit de sa, oswa de nwit, mwen te resevwa yon apèl telefòn bò minwi; e se te pou priye pou yon madanm ki te nan lopital. E yo te rele m, epi yo te di: “Priye.” E mwen bliye non yo te ban mwen an, ke . . . Yo te di se te yon zanmi Madam James Bell, sè nou an isi a nan legliz la, yon sè nwa, yon fanm debyen, trè fidèl. Mwen kwè non an se te Shepherd, se sa yo te ban mwen. Kifè mwen te sot nan kabann lan epi m te mete m ajenou, epi—epi m te di madanm mwen. Telefòn lan tap sonnen, sa te reveye li. E mwen te di: “Nou dwe priye pou Madam Shepherd, yon sè ki te rele, ki se yon zanmi Madam James Bell.” Kifè nou te priye pou li, nou te tounen nan kabann lan.

<sup>5</sup> Epi nan zòn dis oswa onzè, nan demen, mwen te resevwa yon apèl ankò. Se te Billy. E li te di, se pat Madam Shepherd, li te di se te Madam Bell, limenm, pa zanmi Madam Bell. “Se te Madam Bell, e li nan lopital la, trè grav.” E m te prese ale nan lopital la, men li te pati. Seyè a te rele Madam Bell, Lakay.

<sup>6</sup> Madam Bell te konn rasanble fidèlman avè nou nan legliz la, pandan plizyè lane. Mari li, James, avè mwen, te travay ansanm, ak papa mwen, sa fè plizyè lane, deyò a, ap fè fonksyone . . . Nou te konn fè vagon sa yo antre, pase sot nan Pennsilvani, al nan

Colgate isi a, plizyè lane de sa, mwen sipoze trant an de sa, oswa plis. E nou renmen Sè Bell. Li te yon moun fòmidadab.

<sup>7</sup> E mwen konprann li te gen yon atak egi nan eta sak bil li, e yo . . . Medsen li, ki te konn ka a vrèman byen, te andeyò vil la nan moman an. E yon nouvo medsen te vin gade li, e—e te konseye yon operasyon an ijans, e li pat janm soti vivan ladan l. E—e li te . . . Mwen panse pa l . . . Fason mwen konprann li, ke medsen regilye li pa tap preskri operasyon an—an, paske li te gwo anpil epi sak bil li pat bon. E li te gen pyè, mwen panse, oswa yon bagay nan li, e—e Seyè a te gen mizèrikòd. Li te gen atak sa yo anvan e Seyè a te pran swen sa yo, plizyè fwa. Men sa te jis rive ke . . . Ebyen, si nou byen peze tou sa, nou ta di sa: Bondye te rele Sè Bell, e se fason sa yo te dwe pran l, nou wè.

<sup>8</sup> E kijan ke L te mal eksprime . . . fason li te pote sa ban mwen an, ke m te panse se te Madam . . . yon Madmwazèl Shepherd. Mwen pat konn Madmwazèl Shepherd. Dam lan ka isi a, maten an, e mwen ka konnen l si mwen gade figi l. Men, sa te di ke se te yon Madam Shepherd. E si tout te fèt konsa, pou ke si se . . . Si mwen konnen se te Madam Bell ki te nan eta sa a, M tap petèt ale laba epi entèsede pou li touswit. Epi, ou wè, sa, Bondye pat vle nou fè sa, petèt. Kifè, “Nou konnen ke tout bagay sa yo travay ansanm pou byen sila yo ki renmen Bondye.”

<sup>9</sup> E mwen sèten ke Sè Bell te renmen Seyè nou an. Li te yon bon fanm. Kounye a, li se youn nan nou. Anndan isi a, nou pa gen okenn liy koulè. Fanmi Bondye a pa trase liy koulè. Kit nou wouj, mawon, nwa, oswa jòn, sa pa enpòtan, blan. Kèlkeswa sa l ye a, nou se frè ak sè nan Kris. E kifè nou—nou renmen li. E n ap sonje li, tabènak la. Ala m ap sonje, Sè Bell, gran, gwo kout “amèn” sa yo dèyè la a nan kwen an. E lè yo tap mennen l lakay li, li tap pale de Seyè Jezi.

<sup>10</sup> E si mwen konprann sa byen, m pat janm konn sa jouk jis kèk minit de sa, men mwen panse lantèman li dwe fèt isi a menm nan legliz la. [Frè Neville di: “Se egzak.”—Editè a.] Madi sa a kap vini an a [“Inè.”] inè. E mwen panse oumenm avè m dwe fè seremoni [“Se egzak.”] nan sèvis antèman sa a.

<sup>11</sup> Men, jis nan yon asanble, ke nou youn an mwens maten an, nan respè pou Sè Bell nou an, ann jis kanpe sou pye nou jis on moman, antan nou koube tèt nou.

<sup>12</sup> Bondye lavi, Ki bay e ki pran lavi, jan Jòb nan ansyen tan te di: “Seyè a bay e Seyè a retire; se pou Non Seyè a beni.” Kèk lane de sa, Ou te voye Sè Bell nan mitan nou, pou l yon konpatriyòt avè nou, nan gran commonwealth Bondye a. E nou remèsye W pou chak enspirasyon ke li te ye devan nou: ala ke li te renmen chante epi temwaye, e li te tèlman ranpli ak Lespri a jouk li te ka kriye fò epi rele. E li pat wont Levanjil Jezikri a, paske, pou li, Se te Pwisans Bondye pou lesali. Antan nou wè ane li yo ap anpile, e tan an vini lè nou tout dwe reponn. E Ou retire l sot nan

mitan nou, maten an, pou l nan Prezans Ou. Paske, se vrèman sa, lè nou kite isi a, nou nan Prezans Bondye.

<sup>13</sup> O Bondye, nou remèsye W pou tout bagay. Nou priye ke W va beni mari li, zanmi mwen, James; pitit gason li, pitit fi l yo, tout sila yo. Nou konprann ke gason l lan ap vwayaje sot ann Almay, sot nan fòs lame yo, pou vin lakay, pou bay dènye respè ke l kapab, sou latè, a manman li ki pati. Ala kè jenn gason sa a dwe ap bat fò maten an. Mwen priye pou li, Seyè. Bondye, beni li. Beni Jimmy, e ala li. . . Wè li ki travay la a, epi lè ki fatigan, pou fè fanmi l viv. Mwen priye pou ke gran fanmi an pa separe, men pou wou fanmi an pa kase nan Peyi sa a lòt bò a.

<sup>14</sup> Seyè, kounye a, se pou nou sere pwotèj la ak pout kay la, on tikal pi sere, epi sot nan batay la kounye a, pou goumen ak youn an mwens pase nou te ye yon semèn de sa. Nou priye ke W va soutni nou epi fòtifye nou, epi ede nou antan n ap kontinye avanse, e yon jou se pou nou tout rasanble ansanm ankò lòt bò a. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

<sup>15</sup> Kounye a se pou nanm sè nou ki pati a repoze an pè. Mwen ta renmen di ke lantèman li—li dwe preche isi a dimanch, oswa madi, e nou tap. . . Tout moun ki vle vini ap byenvini. Mwen sipoze Frè Neville isi a gen aranjman yo, e nou te genyen yo. Kounye a, jodi a, mwen jis. . .

<sup>16</sup> Ou wè, pa gen twòp. Si te ka gen yon chèz yon kote pou pote pou Frè ak Sè Slaughter dèye la a. Mwen te resevwa apèl ou a, Sè Slaughter, e m tale nan priye pou pa w. . . lòt Sè Slaughter a, Sè Jean Slaughter, ak lafyèv sa a, tilaremi. Se sèten li gen yon move ka avè li, men n ap fè Bondye konfyans ke l ap kòrèk.

<sup>17</sup> Kounye a nou vle li kèk Ekriti. E mwen jis vle anseye maten an, pran tan mwen, paske depi mwen tounen sot, Arizona, ebyen, gòj mwen jis on tikal irite.

<sup>18</sup> E kounye a, dimanch pwochen, pa bliye, e mwen panse Billy deja voye anons yo—yo pa lapòs. E l ap yon sèvis ase long, nou kwè, kifè vin bonè jan nou kapab. Nou vle kòmanse, dwat vè nouè edmi, oswa mwen vle di, dizè. E se ka, sonje, apeprè youn oswa youn- . . . petèt, oswa midi edmi, inè, yon bagay konsa, twa oswa katrèdtan, oswa plis, mwen ta renmen pran, e jis pran Lèzekriti. Pote kreyon ak papyè nou, e jis poze li. Si gen yon kesyon, poze—poze li, nou wè, e petèt nou ka eksplike l, fè sa nou kapab pou ede.

<sup>19</sup> Kounye a ann li kèk Ekriti, anvan, kounye a. Mwen gen twa plas nan Bib la, ke mwen ta renmen li. E premye a nan yo, si nou ta renmen ekri li, e si nou gen yon kreyon, mwen vle refere, maten an, a plizyè tèks ke mwen tap. . . oswa plizyè Ekriti, pito, ke mwen ta renmen refere a yo. Premye a se pral En Pyè 5:8-10, Efezyen 6:10-17, ak Danyèl 12:1-14. Kounye a, antan n ap li, n ap pran tan nou.

20 E tout moun pratikman chita. Kifè, kèk kanpe poutan, nan dèyè a ak sou kote a. Men nou pral eseye pase ladann osi vit ke posib epi kite nou soti, apre sa nou pral priye pou malad yo.

21 Gen yon ti dam ki lonje isi a maten an, ki trè malad. Mwen konprann ke li te trè malad, yè. E mwen—mwen te jis vle l tande, maten an, dabò, anvan mwen te priye pou li. E mwen konnen kondisyon ti dam lan. E li trè malad, men nou gen yon trè gran Papa Selès Ki plis ke konkeri tout maladi. E mwen gen yon—yon ti . . .

22 Mwen te mande Madam Woods pou l li l, men li—li te on tikras ezitan pou—pou l fè sa. Yon atik, kote yon doktè medsen te sètènman sezi. Alòske, li te youn k ap kritike gerizon Divin epi l pa tap menm kite okenn moun pale de sa nan biwo li; ak enfimye li, tou. Kifè, sa te rive fèt, li te gen yon pasyan ki te yon ka kansè, yon gwo kansè. Li pat vle gen anyen pou wè ak sa, kifè li te voye li nan yon lòt klinik. Yo pat vle gen anyen pou wè ak sa lòtbò la a, kifè yo te voye l tounen. Kifè yo . . . O, se te sou tete a, e li te nan yon kondisyon terib. E tout po a te manje. E kansè a, li te desann anndan tete a, antre nan zo kòt yo. Mwen sipoze nou konprann kisa m vle di.

23 Yo te gen ti zanmi doktè nou an ki sot Nòvèj ki chita avè nou maten an.

24 E li te prepare tout materyèl li, paske l te di li te konnen ke—ke li te vle pou l opere epi retire tete a. E se te yon djòb ki senyen anpil. E—e l te gen tout pake l yo, tout bagay. Enfimye a te prepare dam lan epi te mennen l nan sal operasyon an, epi apre li te tounen al pran enstriman yo pou . . . ke doktè a ta dwe itilize ak asistan li, pou retire tete a. E kifè yo te gen sèvyèt yo ak bagay ki poze sou li. E kifè yo te kòmanse . . .

25 Kòm li te sou kòmanse, mari l te vle konnen si l te ka chita nan bout sal la epi priye. Li te yon predikatè sentete. E li te chita la a sou bò pye kabann lan, e l tap priye. Byensi, doktè a pat twò satisfè ak sa, nou konnen, limenm ki te anndan la a. Men toutotan li pa tap gade, epi sa pa tap fè l mal, enben: “Mwen sipoze sa te kòrèk; li pa tap—pa tap endispoze.”

26 Kifè pandan l chita, ap priye, gen yon fremisman ki antre nan sal la. E doktè a vire pou l al nan . . . ak enstriman li, pou kòmanse retire tete a. Li te retire konprès sou konprès. Pat menm gen yon mak sou tete a; pa menm yon mak. Li te di: “Èske—èske li . . . Èske li deplase?” E li te kòmanse . . . E enfimye a te bay temwayaj li. Yo toude te soti e yo vin pannkotis, ranpli ak Sentespri a, ap sèvi Seyè a. Pa menm yon mak!

27 Doktè Holbrook te temwaye, limenm, li te di: “Yon minit anvan la a, men madanm lan—lan te lonje la a, ak enfimye a, ak gwo tonton kansè a ki te pwopaje toupatou sou tete li. Epi yon minit apre, pat menm gen yon mak kote yo te deplase l la.” Sa se youn nan doktè medsen debyen nou yo isi a Ozetazini. Li

te di li te konvenki la menm. E li, poutan, li te yon dyak nan yon legliz. Ou wè?

<sup>28</sup> Ou wè, moun yo jis panse legliz se yon bagay nou jis al ladann, e li se: “O, w al la a pou aprann vin bon, oswa yon bagay konsa.” Se pa sa, zanmi. Non. Bondye se Bondye. Li jis gran jodi a menm jan Li te ye, te janm ye. E L ap toujou menm lan. E Li se yon . . . Nou jis renmen Li.

<sup>29</sup> Bon, nou vle li kounye a nan En Pyè, chapit 5 la, vèsè 8 la ak 10 la pou kòmanse.

*Kenbe tèt nou anplas, . . . pran gad nou. Paske dyab la, lènmi nou an, ap veye nou . . . yon lyon ki move, k ap chache moun pou l devore.*

*Kanpe fèm nan . . . lafwa, kenbe tèt avè l, paske nou konnen lòt frè nou yo ki nan lemonn ap soufri menm soufrans ak nou.*

*Men, apre nou fin soufri yon ti tan, Bondye li menm va rann nou bon nèt, la kenbe nou fèm, la ban nou fòs, l ap fè nou kanpe san brannen. Paske Bondye bay tout kalite favè. Se li menm ki te rele nou, gremesi Jezikri, pou n te patisipe nan pouvwa li ki p ap janm fini.*

<sup>30</sup> Se pou yo louwe Bondye! Kounye a nan Liv Efezyen yo. Nou ta renmen vire isi a nan Liv Efezyen yo, chapit 6 la, e m ta renmen li vèsè 10 la rive nan 17 la, mwen te note.

*Pou fini, chache fòs nou nan lavi n ap mennen ansanm ak Seyè a ak nan gwo pouvwa li.*

*Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.*

*Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen. Men, se ak move lespri ki nan syèl la, ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a—sou latè a.*

*Se poutèt sa, depi koulye a, pran tout zam Bondye ba ou. Konsa, lè move jou a va rive, n a ka kenbe tèt ak lènmi an. Lè batay la va fini nèt, n a kanpe la byen fèm nan pozisyon nou toujou.*

*Pare kò nou: mare verite a . . . Pwoteje nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj sòlda yo mete sou lestonmak yo pou pwoteje yo.*

*Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bon nouvèl k ap fè moun viv ak kè poze a.*

*Toujou nan tout bagay . . . lafwa nou gen nan Bondye a tankou yon defans ki va penmèt nou pare tout flèch Satan an ap voye tou limen sou nou.*

*Resewwa pouwwa Bondye k ap delivre nou an tankou yon kas an fè nan tèt nou. Aseptè pawòl Bondye a tankou yon nepe Sentespri a ban nou.*

<sup>31</sup> Kounye a nan Liv Danyèl la, mwen ta renmen li kèk an plis. Kounye a, Danyèl chapit 12 la. Mwen vle kòmanse nan vèsè 1 an, epi li yon—yon pati ki long nan sa a, katòz vèsè.

*Lè sa a . . . Michèl, gran chèf la k ap veye sou pèp ou a, ap parèt. Se pral . . . tan kè sere moun poko janm wè depi yo sou latè. Lè lè a va rive, tout moun ki fè pati pèp ou a epi ki gen non yo ekri nan liv Bondye a, va sove.*

*Anpil nan moun ki te mouri deja yo pral leve vivan ankò. Gen ladan yo ki pral jwi lavi ki p ap janm fini an. Gen lòt ki pral wont, yo pral soufri avilisman ki p ap janm fini an.*

*Moun ki gen lespri yo pral klere tankou limyè nan syèl la. Moun ki te moutre al lwen—montre al lwen jan pou moun mache dwat yo va klere tankou zetwal pou tout tan tout tan.*

*Li di m ankò: -Bon. Koulye a, Danyèl, fèmen—fèmen liv . . . jouk lè a va rive pou tout bagay fini. Anpil moun pral bat kò yo pou yo konprann sa k ap pase. Lè sa a, plis konesans pral gaye toupatou sou latè.*

*E Mwen gade, mwen wè de lòt moun ki te kanpe . . . yonn sou bò kote dwat rivyè a, epi yonn sou bò . . . kote gòch rivyè a.*

*Yonn ladan yo pale ak zanj ki te pi wo a, nan direksyon tèt dlo a, zanj ki te gen rad swa sou li a, li mande l: -Konbe tan ankò anvan pou gwo bagay sa yo te . . . rive?*

*Zanj lan leve bra l anlè nan syèl la, mwen tandè li fè yon gwo sèman nan non Bondye ki viv la, li di konsa: -Nan twazan, an, si mwa, lè y a fin kraze tout fòs pèp Bondye a, . . . bagay sa yo va rive.*

<sup>32</sup> Mwen kwè m ap kanpe la menm. Mwen vle pran yon sijè, si yo ta rele l yon sijè la a, apati de sa, pou tire konklizyon sa a: *Pi Gran Batay Ki Te Janm Livre A*. Se sa mwen vle itilize pou yon sijè.

<sup>33</sup> Kounye a, kijan mwen vin met men sou sa a pou yon sijè pou maten an: Nou fenk tounen; kèk nan administratè yo, isi a nan legliz la, ak mwenmenm, te nan Arizona. E nou te soti, vrèman, pou gen yon reyinyon nan Phoenix, ak Frè Sharrit, nan tabènak li a. Men lè mwen te dekouvri ke yon—yon frè te lavi la, li te gen sèvis nan yon tant, ebyen, alò mwen te santi m on tikal ezitan sou fè yon reyinyon. Mwen te panse petèt mwen ta genyen l nan dimanch apremidi, konsa pèsòn pa tap deranje nan legliz yo. Men, mwen dekouvri, ke l te gen sèvis dimanch apremidi, tou. E mwen te yon—yon ti kal enkyè sou genyen yon sèvis.

34 E kifè noumenm frè yo, olye pou n kontinye pandan jounen an, kòm nou t al lachas, nou t ale nan vil la, epi nou te prepare nou, epi nou tale nan reyinyon Frè Allen yo. Frè A. A. Allen tap fè reyinyon. Kifè nou t ale nan reyinyon yo, e Frè Allen te preche yon predikasyon pwisan. Nou te gen yon—yon moman, yon bon moman, nan koute Frè Allen, ap tandè chantè yo—yo, e latriye, kijan yo te chante, epi te rele, epi te gen yon gran sèvis.

35 Epi apre nou te wè, nan tout wout la, men Seyè a. Kèlkeswa kote nou t ale, Seyè Jezi te la avèk nou. E gen yon bagay nan lè w deyò pou kont ou, deyò nan dezè yo. Gen yon bagay sou sa, ke si ou janm poukont ou fason sa a, gen yon bagay ki atire ou. Se, mwen sipoze, se yon rezon ki fè mwen renmen kote ki lwen sa yo. Ou elwaye de pwisans lènmi an, sa nou si tèlman genyen isi a.

36 Yon demon prèske inofansif amwens ke li gen on bagay pou l travay ladann. Li dwe . . . Nou sonje demon sa yo ki te chase sot nan Lejyon? Yo te gen . . . yo vle fè plis dezagreman, kifè yo te vle al nan kochon yo. Kifè, demon dwe gen yon bagay pou yo travay ladann, yon moun pou yo travay nan li.

37 E se fason sa a Bondye fè, tou. Li dwe genyen nou. Li konte sou nou, pou travay nan nou.

38 E anpil te vini pandan nou te nan vwayaj la, avèk rèv. E Seyè Jezi pat janm echwe nan bay entèpretasyon an kòrèkteman, e se te jis sa, jis egzakteman fason sa a.

39 E alò Li te bon pou nou, pou kondwi nou kot jibye a epi di nou ki kote l te ye. E, nou konnen, jis pou n nan viwonn lan konsa, se jis mèveye. Chita arebò la, leswa, bò kot dife kan an, lwen tout moun, a dè mil e dè mil e dè mil, epi gade dife kan an—an kap danse toutotou arebò wòch yo. E, o, sa te fòmidad!

40 Yon frè la a, ki te gen pwoblèm ak madanm li, ki te gen . . . Plizyè lane de sa, li te leve tèt li nan yon reyinyon, kote ke mwen tap fè yon sèvis. Epi m te mande yo pou kenbe tèt yo bese; te gen yon move lespri ki pat vle kite yon—yon fanm, sou lestrad la. E dam lan, jis san respè, te leve tèt li kanmenm. E lespri a te kite madanm lan, sou lestrad la, epi t al jwenn li. E sa fè anviwon katòz an, e dam lan te nan kondisyon grav; sitèlman, menm mantalman, jouk li jis fè bagay ki pa menm kòrèk. Pa egzanzp, li te kite pwòp mari li, li t ale epi li te marye ak yon lòt nonm pandan li tap viv ak mari li; li te pretann li pat konnen li te fè sa. E kifè yo—yo te eseye egzamine l pou sa . . . Kijan nou rele sa, lè ou . . . Amnezi? Li . . . O la la, kèlkeswa sa non an ye a. Mwen sipoze sa egzak, doktè. Men se pat sa. Se te yon espri. E pa l . . . E dam lan te yon bon zanmi mwen. Men depi jou swa sa a, depi lè a, li te fè ekspres pou rayi m. Byensi, nou ka wè poukisa sa te fèt.

41 Men apre sa lè mari l te vini, e nou te met ajenou nan sal la pou priye, alò Sentespri a te desann. Se te regle. Apre sa Li te parèt bay mari li nwit sa a, nan yon rèv. Li te tounen ak yon rèv,

li te panse se te blag. Li te arive ke, se te repons lan menm pou gerizon madanm li. Ala Sentespri a te jere zafè a!

<sup>42</sup> Nou te kontinye jouk nan Tucson, ak Frè Norman ak lòt yo, e la a Seyè a kòmanse travay ankò ap fè gran bagay pwisan, epi revele bagay.

<sup>43</sup> Yon jou swa, se sa ki te mennen m nan konklizyon sa a isi a, mwen te kanpe ak Frè Wood ak Frè Sothmann. E nou te . . . Li te apeprè dizè nan aswè, e mwen tap gade nan direksyon syèl la, epi yon gran sezisman vin sou mwen. E m te di: “Jis gade! Tout gran lame selès sa a!” E m te di: “Tout bagay pafètman ann amoni.”

<sup>44</sup> E Frè Wood te di: “Nan gade de ti zetwal tèlman pwòch ansanm, ke, li te fè l sanble ak yon limyè.”

<sup>45</sup> M te di: “Men, ou konnen, Frè Wood, selon lasyans, nan konstelasyon Lous sa a, Ti Lous la, Gran Lous la, zetwal sa yo pa sanble yo elwaye plis ke apeprè de pous distans; e yo pi lwen youn ak lòt pase nou elwaye de yomenm. E si yo te pati nan direksyon tè sa a, sa tap pran, a dè milye de kilomèt a lè, sa tap pran dè santèn e dè santèn lane pou yo atenn tè a.” E m te di: “Nan tout gran sistèm laj sa a isi a, e poutan yo di nou ke yo gade atravè teleskòp, yo ka wè san ven milyon ane limyè nan tan, trè lwen anndan la a; e toujou gen lalin ak zetwal. E—e, poutan, Bondye te fè chak grenn nan yo. E Li chita nan mitan yo.”

<sup>46</sup> E m te di: “Yon kote anndan la a, yo te montre m, yon fwa nan yon obsèvatwa, zodyak la; sa te kòmanse ak Vyèj la, pase nan Laj Kansè a, epi kontinye desann jiska dènnye a ki te lyon an, Leo lyon an. Premye vini Kris la, pa vyèj la; dezyèm vini a, pa Lyon tribi Jida a.” E m te di: “Mwen te eseye sa m kapab pou m wè zodyak sa a, e mwen pa ka wè l. Men, poutan, li la a. Sila yo ki fòm, konnen li la a. Jòb te wè li. Lèzòm te abitye gade li. Se te yon Bib, nan yon epòk. Men nan tout gran mas milyon ak bilyon ane limyè sa a, Bondye chita nan mitan tout, epi Li gade anba. Pòl anndan la a. Manman m anndan la a, yon kote, ap gade anba.”

<sup>47</sup> E mwen te panse a lòd lame selès sa a, pa gen youn nan yo ki soti nan plas li. Chak grenn kenbe tan li, pafètman. Gran lame Bondye a! Mwen te panse a sòlda yo; kijan ke si lalin sa a ta rive soti nan plas li, latè a tap kouvri ankò ak dlo, jis nan kèk minit. Latè a tap jis tankou l te ye lè Bondye te deside itilize l, pou mete nou isi a sou li. “Li te san fòm, epi vid, ak fènwa, e dlo te kouvri lajè tè a.” E si lalin sa a ta janm bouje, li tap fè menm bagay la ankò. Lè lalin lan deplase yon ti kal lwen latè a, mare yo monte. Lè li desann, sa jis swiv mare yo. Se gran lame Bondye a. E lè m te panse sou la . . . sa ki se gran lame Bondye a la a . . .

<sup>48</sup> Kounye a, nou tal nan kabann nou. Epi mwen kòmanse panse ke pa gen youn nan sa yo ki sot nan plas yo. Yo tout chita an plas. E si gen yon mouvman, nenpòt kote, nan yo, se pou yon kòz, e l ap afekte tè sa a. Nou jis wè rezilta li yo kounye a, de kèk nan yo kap deplase al nan lòt zòn yo. Sa gen yon efè. Li afekte tout bagay.



49 E m te panse, alò, si gran lame selès sa a, konsa, dwe kenbe plas li, pou fè tout bagay ann òd, e dezòd lame terès la? Kijan, lè youn soti nan lòd, ala li fè tout bagay la devye! Tout pwogram Bondye a boulvèse lè youn manm soti nan lòd. Nou ta dwe fè efò san rete pou kenbe lòd Espri a.

50 Si Bondye te ka pèmèt, maten an, ke sa mennen nou nan youn vrè sèvis gerizon, ke nou ka gade pati sa a . . . gwoup ke nou reyini anba twati a maten an, nan youn amoni konsa, ke Sentespri a plase chak manm nan Kò a, ki isi a maten an, nan youn amoni konsa, jouk tap gen tèlman youn gerizon lapoula de nanm ak kò, si nou jis rete nan pozisyon nou.

51 Bon, jan m te di nan kòmansman an, dam sa a ki te gen kansè ke Doktè Holbrook retire a . . . ta pral retire a. Kounye a, Bondye ki te lakòz bri fremisman ki antre nan klinik sa a, epi te pran kansè sa a san L pa menm kite youn mak, èske nou pa konnen ke menm Bondye sa a isi a? E sèl bagay ke L ap tann, se pou lame Li—Li pran pozisyon yo, tankou zetwal yo, pran pozisyon li.

52 Bon, èske nou konnen, nou te gen gè apre gè, ak bri kouri sou gè? E si tè a kanpe, n ap gen plen gè ankò. Men èske nou reyalize ke gen vrèman sèlman de pwisans nan tout inivè a? Nan tout diferans nou yo nan mitan nasyon yo, ak diferans nan mitan youn ak lòt, ak tout bagay, tout abouti nan de pwisans. Gen sèlman de pwisans, e gen sèlman de wayòm; de pwisans, ak de wayòm. Tout rès la, ti bagay minè yo, konekte ak youn ou lòt nan pwisans sa yo. E pwisans sa yo se pwisans Bondye ak pwisans Satan. Se sa ki . . . Chak gè, chak dezòd, tout bagay ki vini la a, se swa li kontwole pa pwisans Bondye oswa pwisans Satan, paske se sèlman de pwisans ki genyen. E se pwisans lavi a ak pwisans lanmò a. Kounye a, se sèlman de pwisans yo.

53 E Satan ka sèlman . . . Pwisans li, li genyen an, se pwisans Bondye ki pèvèti. Li pa youn vrè pwisans. Se youn pèvèsyon de pwisans Bondye, tout sa Satan genyen. Lanmò se sèlman youn lavi ki pèvèti. Youn manti se sèlman verite a ki mal di. Ou wè? Adiltè se youn—youn zak ki mal itilize, youn zak jis ki mal itilize. Ou wè? Tout bagay ke Satan genyen se youn bagay ki te pèvèti, men se youn pwisans.

54 E jodi a, nou chita isi a, e youn oswa lòt pwisans la pral kontwole nou. Kifè ann chase sa ki mal la. Ann pran pozisyon nou tankou zetwal yo nan syèl la.

55 Jan Bib la pale a: “Zetwal ki pèdi wout yo,” nan Liv Jid la: “ap pouse kim salte yo met deyò.” E nou pa vle pou n se zetwal ki pèdi wout nou; k ap mande nou si *sa a* se vre, mande nou si *sa a* se vre, mande nou si l *ap* rive, mande nou si . . . kijan l te ka ye. Pa pèdi wout nou. Rete tankou zetwal sa yo nan syèl la, menm jan ak youn vrè sòlda nan pòs devwa li. Kanpe la a, kwè! Lavi ak lanmò.

56 Bon, yon lame, lè vrèman yon lame, yon nasyon pare pou ale kont yon lòt nasyon, li ta dwe chita anvan epi konsidere kisa ki byen ak kisa ki mal, epi si yo kapab ale kont pwochen nasyon an oswa non. Jezi te anseye sa. E si moun ta fè sa, si nasyon yo ta—ta chita, epi kanpe pou reflechi a bagay sa yo, toude bò yo, nou pa tap gen lagè ankò.

57 Bon, nou dekouvri, si yon nonm pa fè sa, si chèf militè nasyon an pa chita, anvan, epi konsidere ak wè ke yo gen rezon, epi motif ak objektif yo kòrèk, e si yo gen ase fòs ak pwisans pou gen laviktwa sou pwochen lame a, alò yo sèten yo pèdi.

58 Se la kote Jeneral Custer te fè erè fatal li a. Jeneral Custer, jan mwen konprann, te gen lòd nan men gouvènman an, pou l pa ale nan peyi Sioux yo, paske se te yon moman relijye pou yo. Se te yon moman pou adore. Yo tap fete yon fèt. Men Custer te vin sou, epi l te panse ke li tap jis fè l kanmenm. Li tap travèse, kit se te lòd oswa se pat lòd. Epi an reyelite yo tire kèk nonm inosan, tire sou yo. Mwen panse yo atenn kèk nan yo. Se te eklerè, deyò a, ki tap chache manje, pou nouri pèp yo—yo pandan yo te nan adorasyon. Epi Custer, nan travèse, te wè yo, epi te panse yo te deyè pran bò yo, e kifè yo te tire sou eklerè sa yo. E eklerè sa yo te chape poul yo, yo te retounen. Kisa yo te fè? Yo te ame tèt yo, e men yo vin la a. E se te fen Jeneral Custer, paske li pat chita pou panse, anvan.

59 Li pat gen okenn zafè la a. Li pat gen okenn dwa pou l la a. Li te pouse Endyen yo sot nan Kot Lès, travèse nèt ale nan Lwès, tout jan. E yo te gen yon trete, men li te kase trete a. E lè l te kase trete a, lè sa a li te pèdi batay la.

60 E kifè yon lame, dabò, nan pare pou yon batay, dabò dwe gen yon seleksyon, kèk sòlda. Yo dwe abiye pou batay la. Yo dwe antrene pou batay la.

61 E mwen kwè ke pi gran batay ki te janm livre a, pare kounye a pou antre an aksyon. Mwen kwè ke Bondye chwazi sòlda L yo. Mwen kwè Li abiye yo, antrene yo. E devan batay la ranje kounye a, ap pare pou l kòmanse.

62 Gran, premye batay sa a ki te janm livre a, kòmanse nan Syèl, lè Michael ak Zanj Li yo te goumen kont Lisifè ak zanj pa l yo. Li te kòmanse an premye, premye batay la te nan Syèl. Kifè, peche pat gen orijin li sou latè, li te gen orijin li nan Syèl.

63 Epi yo te voye l jete sot nan Syèl, chase l nan Syèl, al sou latè, epi li te tonbe sou èt imen yo. Apre sa batay la, sot kote zanj yo, li vin batay imen. E Satan vini pou detwi kreyasyon Bondye a, sa Bondye te kreye pou l pou Tèt Pa L. Li te gen, Satan, vini pou detwi sa. Se sa objektif li te ye, se te pou detwi l. Apre sa batay la kòmanse isi a sou latè, epi kòmanse nan nou, epi l ap fè raj depi lè a.

64 Bon, anvan ke yo ranje yon batay mete an plas, yo dwe anvan chwazi yon teren pou rankontre, oswa yon plas kote batay la dwe konbat, yon plas ki chwazi.

65 Nan Premye Gè Mondyal la, li te plase konsa, yon tè ki pa pou pèsòn ak plas kote yo te goumen. E yo te dwe gen yon plas ke yo te chwazi.

66 Tankou lè Izrayèl tale nan lagè ak Filisten yo, te gen yon—yon—yon ti mòn sou chak bò kote yo te rasanble a. E se la ke Golyat te soti epi li te rele lame Izrayèl yo. Se la ke David te rankontre li, nan vale a, lè li te pase sou ti pas dlo ki kouri nan mitan de ti mòn yo, li te ranmase wòch yo.

67 Dwe gen yon plas ki chwazi. E nan sa a, gen yon—yon teren komen, tè ki pa pou pèsòn, e yo goumen *isi a* nan plas sa a. Yo pa pral jis, youn ap goumen bò *isi a*, epi lòt la *isi a*, epi yon lòt kouri al *laba a*. Gen yon ranje devan nan batay la kote yo rankontre epi teste pwisans yo, kote chak lame teste fòs li kont lòt lame a, yon plas komen pou rankontre. Bon, pa (sezi) rate sa.

68 Lè gran batay sa a te kòmanse sou latè, te dwe gen yon plas komen pou rankontre. Te dwe gen yon plas ki chwazi pou batay la kòmanse, e pou batay la fè raj. E teren batay sa yo kòmanse nan lespri imen an. Men kote batay la kòmanse. Espri imen an te chwazi kòm plas pou batay la, kote li te kòmanse, e sa se paske desizyon sa yo fèt depi nan panse a, tè la. Bon, yo pat janm kòmanse l nan kèk òganizasyon. Yo pat janm kòmanse l nan kèk zafè mekanik. Teren yo pat janm kòmanse la a. Se poutèt sa, òganizasyon sa a pa ka janm, janm fè travay Bondye a, paske teren pou batay yo, kote nou dwe rankontre lènmi nou, se nan panse a. Nou dwe fè chwa pa nou. Li afwonte nou.

69 Mwen vle ti pitit fi sa isi a, ki trè malad, pou l sèten li koute sa a kounye a, vrèman byen.

70 Se nan panse a desizyon yo pran, nan tè la. Men kote Satan afwonte nou, e se la desizyon yo fèt, paske Bondye te fè lòm fason sa a.

71 Bon, mwen gen (si nou tap gade nòt mwen isi a) yon ti desen. Mwen te genyen l isi a sa pa fè lontan, sou. . . nou te itilize l sou tablo a. Èt imen an fèt jis tankou yon grenn ble. Se yon semans. E èt imen an se yon semans. Fizikman, ou se semans papa w ak manman w; e lavi a sot nan papa a, chè a sot nan manman an. Kifè, yo de, ansanm, ze a ak san an—an, vin ansanm. E nan selil san an gen lavi. E anndan la a li kòmanse, devlope, ap fè timoun lan—lan. Bon, nenpòt semans gen yon kokiy sou deyò; anndan an se chè; e anndan chè a gen jèm lavi a. Ebyen, se fason sa a nou fèt. Nou se kò, nanm, ak espri. Deyò a, kò a, kokiy la; anndan sa a, konsyans lan e latriye, se nanm lan; e anndan nanm lan, se yon espri. E espri a gouvène tout lòt la.

72 Bon, si nou chita lakay nou lè nou rive, epi trase twa ti wonn. N ap dekouvri ke deyò kò a gen senk sans ke yo kontakte l avè

yo, e sa se wè, goute, manyen, pran sant, tande. Sa se senk sans yo ki kontwole kò imen an.

<sup>73</sup> Anndan kò a gen yon nanm, e nanm sa a kontwole pa imajinasyon yo, konsyans lan, memwa a, rezon an, ak afeksyon yo. Se bagay ki kontwole nanm lan.

<sup>74</sup> Men, espri a, li sèlman gen yon sèl sans. Espri a . . . O, ann sezi li. Espri a gen yon sèl sans, e sans sa a se, swa se li ki domine li, se lafwa oswa dout. Se egzaktman sa. E gen sèlman yon sèl wout pou li, se lib abit la. Nou ka asepte dout oswa nou ka asepte lafwa, youn ou lòt selon sa nou vle fè aji a. Se poutèt sa, Satan kòmanse nan pati prensipal la, pou lakòz espri lòm doute Pawòl Bondye a. Bondye kòmanse nan pati prensipal la, pou poze Pawòl Li nan espri sa a. Men ni. Se sa ki aji.

<sup>75</sup> Si legliz sa a, kounye a menm yo te ka ini l, epi mare l ansanm nan yon pwen ke chak moun ta nan yon sèl akò, san yon tikal lonbray dout pyès kote, pa tap gen yon sèl moun fèb nan mitan nou, nan pwochen senk minit yo. Pa tap gen pèsòn isi a ki dezire Sentespri a pou l pa ta resevwa L, si nou te ka jis regle bagay sa a. Bon, men kote batay la kòmanse, dwat nan panse ou, si w vle.

<sup>76</sup> Kounye a sonje, se pa Lasyans Kreyèn, kounye a, viktwa panse a sou matyè a. Se pa . . . Panse a asepte Lavi a, ki se Pawòl Bondye a, e se la Lavi a soti. Se pa jis panse w ki fè li. Men, Pawòl Bondye a, ki pase nan kanal panse ou. Ou wè? Se pa panse a, jan Lasyans Kreyèn di l la, viktwa panse a sou matyè a. Non. Se pa sa.

<sup>77</sup> Men, panse w asepte Li. Li sezi Li. Kisa ki kontwole panse w? Espri w. E espri ou kapte Pawòl Bondye a, e se bagay sa a ki gen Lavi nan Li. Li pote Lavi nan ou. O, frè! Lè sa rive, lè Lavi desann nan kanal sa a, nan ou, Pawòl Bondye a manifeste nan ou. “Si nou abite nan Mwen, e Pawòl Mwen yo abite nan nou, alò mande sa nou vle a e l ap fèt pou nou.”

<sup>78</sup> Alò kisa sa fè? Sot nan mitan kè a, ki se nanm lan, apati de la a, sa pral nourri chak kanal. Pwoblèm lan se ke, nou kanpe anndan *isi a* ak yon pakèt dout, ap eseye asepte sa ki deyò *la a*. Nou dwe rete sa; epi desann nan kanal sa a ak vrè Pawòl Bondye a, e apre sa li soti, limenm, otomatikman. Se sa ki sou anndan an. Se bagay sa ki konte a, se anndan an.

Fason Satan apwoche sa se sou anndan.

<sup>79</sup> Bon, ou di: “Mwen pa vòlè. Mwen pa bwè. Mwen pa fè bagay sa yo.” Sa pa gen anyen pou wè avèk sa.

<sup>80</sup> Ou wè, se anndan an. Sa pa enpòtan kijan w bon, kijan w gen moralite, kijan w fran, yo respekte bagay sa yo. Men Jezi te di: “Esepte si yon nonm ne de nouvo.” Ou wè? Dwe gen yon bagay ki pase anndan an. Si w pa sa, se yon mizansèn atifisyèl, paske nan fon kè w ou dezire fè l kanmenm. Li pa ka atifisyèl. Li dwe reyèl.

<sup>81</sup> E gen sèlman yon sèl wout pou ke sa ka desann, e se pa chimen lib abit la, pou ke sa antre nan nanm lan, pa panse w yo. “Jan yon nonm panse nan kè l, se konsa l ye.” “Si w di mòn sa a: ‘Bouje,’ epi w pa doute nan kè w, men kwè ke sa w te di a ap rive, ou ka genyen sa w te di a.” Nou konprann li? Men ni. Ou wè? Men chan batay la. Si w ta sèlman konmanse la, an premye.

<sup>82</sup> Kè nou tèlman sou biskèt pou n wè bagay yo fèt. Kè nou tèlman sou biskèt pou n fè yon bagay pou Bondye. Ti dam sa a pa . . . gen kè sou biskèt, nanpwen dout, gen kè sou biskèt pou viv. Li vle vin byen. Gen lòt isi a, ki vle vin byen. E lè nou tande pale de ka sa a, tankou doktè a, rezirèksyon mò yo, gran bagay pwisan yo ke Bondye nou an te fè, alò kè nou sou biskèt. E bagay la, se ke n ap eseye atenn pa mwayen sans sa yo, pou n sezi yon bagay isi a, tankou konsyans.

<sup>83</sup> Tèlman anpil moun, anpil fwa, mal entèprete Pawòl la. E yo te mal konprann mwen nan sa, nan fè apèl a lotèl. Mwen te di: “M pat twò sou fè apèl a lotèl,” sa pa vle di ke nou pa ta dwe fè apèl a lotèl.

<sup>84</sup> Men yon moun ki pran yon lòt moun nan bra, ki di: “O, Frè Jan, ou konn kisa? Mwen avè w nou se vwazen depi tout tan sa a. Avanse isi a devan lotèl la, mete w ajenou.” Kisa l ap fè? M ta swete mwen te gen yon tablo nwa isi a, mwen te ka montre nou kisa l ap fè. L ap eseye travay nan nanm li, atravè afeksyon yo. Sa pa mache. Se pa wout la sa. Sètènman, se pa sa.

<sup>85</sup> Petèt l ap travay nan (kisa a?) yon souvni, atravè sans nanm li. “O, Frè Jan, ou te gen yon manman mèveye. Li te mouri sa fè lontan.” Yon souvni! Ou wè? Nou pa ka fè sa.

<sup>86</sup> Sa dwe vini atravè lib abit la. Ou, oumenm, kite Pawòl Bondye a . . . Ou pa vini poutèt manman w te yon bon madanm. Ou pa vini paske ou se yon bon vwazen. Ou vini paske Bondye rele w pou vini, e ou asepte Li sou baz Pawòl Li. Pawòl sa a se sa ki vle di tout bagay. Pawòl sa a! Si nou ka retire tout bagay sou chimen an, tout konsyans, tout sans yo, epi jis kite Pawòl la antre, Pawòl sa a ap pwodwi jis egzaktèman.

<sup>87</sup> Men, ou wè ak kisa Li kouvri? Ou di: “Ebyen, kounye a,” ou di: “ebyen, sa yo, konsyans ak sans yo, e latriye, pa gen anyen pou wè avè l, Frè Branham?” Sètènman, li genyen. Men si nou kite Pawòl la antre, epi kouvri Li ak konsyans, alò Li pa ka grandi; l ap yon pawòl defòmè.

<sup>88</sup> Èske nou te janm wè yon bon grenn mayi ki plante nan tè a, epi kite yon bout bwa tonbe sou li? L ap pouse kwochi. Nenpòt plant k ap grenpe, nenpòt bagay k ap pouse, ap fè sa, paske yon bagay te antrave li.

<sup>89</sup> Ebyen, se sa k pwoblèm lan ak Lafwa pannkotis nou an jodi a. Nou kite twòp bagay antrave Li, Lafwa ke yo te anseye nou an, Sentespri ki tap viv nan nou an. Nou kite twòp bagay, nan gade yon lòt moun.

<sup>90</sup> E dyab la toujou ap eseye montre nou echèk yon moun, men li eseye kenbe nou lwen vrè temwayaj ki otantik la. L ap pwente nou bay yon ipokrit, gen de lè, ki tal imite yon bagay. Li pat fè l, paske li tap imite. Men si l sot nan vrè sous Pawòl Bondye a: “Syèl la ak latè a ap pase, men Pawòl Mwen pa ka pase,” Li dwe rete la a.

Ou wè li, sè?

<sup>91</sup> Li dwe asepte nan panse a, apre sa yo kwè Li ak kè a. Alò Pawòl Bondye a vin yon reyalite, lè sa a tout sans nanm ak kò a jis netwaye ak Sentespri a. Lè sa a sans Bondye w la, konsyans Bondye w la, tout bagay ki selon Bondye, koule nan ou. Pa gen yon dout okenn kote. Pa gen anyen ki ka remonte.

<sup>92</sup> Pa gen anyen ki ka remonte nan memwa a, epi di: “Ebyen, mwen sonje Miss Jones te eseye fè Bondye konfyans, ak Madmwazèl *Entèl entèl*. Madmwazèl Doe te eseye fè Bondye konfyans pou gerizon, yon fwa, e li te echwe.” Ou wè?

<sup>93</sup> Men si kanal sa a te debouche epi netwaye, epi te ranpli sou anndan ak Sentespri a, sa pa menm remonte nan memwa a, Madmwazèl Jones ak kisa l te fè, sa pa enpòtan. Se ou ak Bondye, ansanm, e pyès lòt moun ke nou toulède. Men ni. Men batay nou an. Touye l depi nan kòmansman. Kanpe l nèt nan wout li. Se pa konbyen tan ou ka fè gè a trennen. Se, kanpe l touswit!

<sup>94</sup> Si nou vini, epi nou kenbe souvni sa yo ak konsyans sa, ak tout bagay, pou panse: “Ebyen, mwen te ka echwe. Li te ka pa vre.” Piga nou fè sa, ditou.

<sup>95</sup> Jete tout bagay sou kote, epi louvri kanal la, epi di: “Bondye, Pawòl Ou vrè Etènèlman, e se pou mwen Li ye. Si tout legliz la echwe, si tout mond lan echwe, poutan mwen pa ka echwe, paske m pran Pawòl Ou.” Men batay la. Se bagay la sa.

<sup>96</sup> Poukisa Bondye Toupwisan an ta retire yon kansè nan tete yon fanm, san yon mak, epi ta kite yon timoun kouche epi mouri? Non, mesye.

<sup>97</sup> Yon tifi vin isi a, sa pa fè lontan, sot nan lekòl segondè. Manman li te rele m, li te di: “Frè Branham, pitit fi m lan gen maladi Hodgkin.” Sa se yon kansè, ki parèt tankou boul. E doktè yo te pran yon moso nan yon lezyon nan gòj li, yo te voye l ale, epi se te pafètman maladi Hodgkin.

<sup>98</sup> Kifè li te di: “Pwochen lezyon an, se ka yon lezyon nan kè li. Lè sa fèt, l ale.” Li te di: “Li pa gen . . . Fason y ap fann lan, li gen, nenpòt kote, apeprè twa mwa, pou l viv.”

<sup>99</sup> Manman an te di: “Kisa m dwe fè? Voye l tounen lekòl?”

<sup>100</sup> Li te di: “Kite l ale, paske li prale petèt toudenkou.” E l te di: “Jis kite l ale epi viv yon vi nòmal, jan l kapab. Pa di l anyen sou sa.”

Kifè dam lan te di m: “Kisa m dwe fè?”

101 Mwen te di: “Mennen li epi mete l nan liy priyè a.” E mwen di: “Oumenm vin avè l.” Mwen te santi yon ti sansasyon dwòl.

102 E lè ti fi a pase, jou maten sa a, ak lèw tou ble yo, nan mete makijaj, e jan sa fèt nan lekòl yo. E—e ti bagay la pase. Mwen pat konnen kimoun li tap ye; kiyès ki ta pral rele m nan telefòn. Mwen te pran men li. Mwen te di: “Bonjou, sè.” Men l te la a. Se te li. Jis nan kèk moman, m te gade manman l epi m te wè yo toude te san Bondye, san Kris. Mwen te di: “Kijan nou ka espere gerizon sou baz sa yo? Èske n ap asepte Jezikri kòm Sovè pèsonèl nou?” Mwen di: “Èske n ap vini nan pisin sa a isi a epi pou n batize nan Non Jezikri pou padon peche nou yo?”

Yo di: “N ap fè sa.”

103 O, nou konn kisa k te rive. Madanm lan ka chita isi a maten an. Anpil nan nou konn ka a. Frè Mike Egan, youn nan administratè yo isi a, te swiv ka a. Sa te fè apeprè kat ou senk an de sa. Yo te tounen mennen ti fi a kot doktè a, yo pat jwenn nan li menm yon sèl tras maladi Hodgkin lan.

104 Kisa k te pwoblèm lan? Nou te dwe louvri kanal la, an premye. Nou dwe gen Sòlda a, Sentespri a, plase sou devan batay la, ki pran Pawòl Bondye a. Li se Pawòl la. E Li kanpe la a, pa gen anyen ki pral kanpe L lè sa a. Pa gen anyen ki ka . . . Chak grenn nan lòt kanal yo debouche. Jis tankou yon vye chodyè ak kondwi l yo ki bouche; si ou mete dife ladann, l ap eksploze bagay ou a. Se sa k pwoblèm lan ak tèlman anpil Kretyen ki eksploze, se paske yo pa netwaye kanal yo, yo pa desann jouk sou anndan an. Nou dwe netwaye li, konsyans lan, memwa a, panse a, mete tout bagay sou kote, epi ke sa vini depi anndan al sou deyò, ak Pawòl Bondye sa a ki san melanj, ki Se Verite a.

105 Sa pa enpòtan si di mil moun ki gen konfyans mouri sou bò *sa a*, jodi a; di mil moun ki gen konfyans mouri sou bò *sila a*, demen; sa pa gen anyen pou wè avè m. Mwen se endividi a. Mwen se sila a ki fè konfyans. Mwen se sila a ki kwè li. E nou va wè laba a, si nou te vle louvri kanal nou yo lè sa a, si nou kapab, epi wè. Nou jwenn *sa a* ak *sila a*, epi *sa a* ak *sila a*, plizyè milye nan yo, k ap temwaye.

106 Men dyab la ap eseye tounen drèt alachaj. Ou wè, si l ka tou antre la a, li bat lame w la menm lè a.

107 Si nou gen sans nou yo, wè, goute, manyen, pran sant, ak tande, yo tout kòrèk, men pa fè yo konfyans sof si yo dakò ak Pawòl la. Yo tout kòrèk, men, si yo pa dakò ak Pawòl la, piga nou koute yo. Bon, imajinasyon, konsyans, souvni, rezon, ak afeksyon, yo tout kòrèk si yo dakò ak Pawòl la. Men si afeksyon nou pa dakò ak Pawòl la, debarase nou de li. N ap eklate yon kondwi, byen rapid. Ou wè? Si rezon nou pa dakò ak Pawòl la, elwaye nou de li. Se vre. Motè a . . . Si memwa nou, si imajinasyon nou yo, si konsyans nou, nenpòt bagay, pa dakò ak Sa ki sou anndan an, debarase nou de li.

108 Kisa nou genyen lè sa a? Nou gen yon sistèm solè. Alelouya! Se, Bondye plase zetwal yo ann òd epi Li te di: “Pandye la a jouk Mwen rele nou!” Yo rete la. Anyen pa pral fè yo bouje. Lè Bondye rive gen yon nonm nan men Li, jouk li ka fè sans li yo, konsyans li, tout bagay netwaye, jiskaske se Bondye ki kanpe la deyè li, nan lespri, pa gen yon demon nan mond lan ki ka foure yon dout anndan la a. Se vre.

Li vin nan viwonn lan epi li di: “Ou pa santi w vin pi byen.”

109 Ou pa menm gen konsyans ankò, de sa. Kondwi a tèlman klè, li kriye: “Alelouya!” Tiyo echapman an soufle yon siflèt: “Glwa pou Bondye!” Li klere, sètènman, jis osi pwòp epi klè, pou ke Pawòl Bondye a travay ladann, Pwisans Bondye a. Ou wè? Se bagay prensipal la sa.

110 Men chan batay ou a. Chan batay ou a isi a nan kòmansman an, isi a nan nanm lan, nan panse w ki louvri. Panse a—a se pòtay pou nanm lan, pòtay pou espri a, pito. Panse w louvri epi asepte espri a, oswa li rejte espri a. Ou ka gen ti konsyans, ak ti santiman, ak ti sansasyon, tout bagay sa yo. Sa pa gen anyen pou wè avè l. Se jis ti sansasyon ak bagay. Men lè l vini nan reyalyte, se panse nou ki louvri a sa. Panse nou swa asepte li oswa rejte li. Se sa, zanmi.

Bondye, pa kite okenn nan yo rate sa.

111 Ou wè, se panse noumenm ki louvri pòt la; oswa fenmen pòt la, epi koute konsyans nou, koute memwa nou, koute afeksyon nou yo. Men lè panse nou fenmen tèt li bay bagay sa yo, epi kite Bondye, Espri Pawòl Li, antre, Li pouse tout res bagay la deyò. Tout dout disparèt. Tout perèz disparèt. Tout sansasyon dout disparèt. Tout santiman disparèt. Pa gen anyen ki kanpe la a ke Pawòl Bondye a, e Satan pa ka goumen kont Sa. Non, mesye. Li pa ka goumen kont Sa. Bon, nou konnen se vre.

112 Batay sa yo te fè raj depi jou jaden Edenn lan, batay nan panse imen an. Se Satan ki te kòmanse l. Kisa l te fè lè li te rankontre Èv? Li pat renye Pawòl Bondye, men li te blanchi Li. Li te bouche kèk ti kanal isi a yon kote. Li te di: “Men se sèten Bondye. . .” Jenèz 3:1. Ou wè? “Se sèten, Bondye, tout bagay sa yo ke Li—Li—Li te pwomèt. . .” Li te konnen Pawòl la te vre. Men li te konnen li pat ka jis prezante la epi atake L, kareman konsa, men li—li—li te kouvri L ak sik.

113 Se tankou manman te konn fè nou pran medikaman, e li te eseye mete ji zoranj nan lwil risen. O la la, jis pito pran lwil risen an san ji zoranj lan! Tout bagay ki ipokrit! Ou wè? Li. . . Nou te konn dwe leve lannwit, e li te ban nou lwil chabon, pou gwo grip. E l te mete lwil chabon an, epi l te mete sik sou li; ou wè, on jan ipokrit. Men sa te jis ap boule amidal ou, prèske, lè sa ap desann, apre sik la te fin pati.

114 Ebyen, se fason sa l ye, zanmi. Satan eseye pou —pou l ipokrit sou sa. Li eseye montre nou yon pi bon bagay, yon fason ki pi



fasil, yon plan ki pi rezonab. Men pa gen plan ki pi rezonab pase sa Bondye te tabli nan kòmansman an, Pawòl Li. Kenbe Pawòl sa a. Sezi Li. Kite L sezi nou. Rete la a avè Li. Sa se—sa se bagay la.

115 Batay la te fè raj lè Èv te louvri panse li, pou koute rezònman li. Se nan kondwi sa li antre a. Sa se kanal la—la ke l koule desann ladann, rezònman li. Li, nan nanm li, li te rezone.

116 Je l se te vizyon an. Li te wè sèpan an. Li te bèl, bèl gason, pi bon anpil pase pwòp mari li. Li te bèt ki pi rize nan tout bèt nan chan an, e l te petèt yon pi bèl gason pase mari li. Li te sanble tankou yon gran bèt mal ki kanpe la a. Ala li te gran! E li tap eseye di li ki gran bagay sa te ye.

117 E premye bagay li te fè, li te louvri panse li. E lè li te fè sa, rezònman imen yo te kapte sa. “Poukisa, sa pa ta yon eksitasyon?”

118 Se bagay li fè yon fanm jodi a. Yon fanm ak yon ti mari chaman, jwenn yon gran, gwo mal gason. Nonm sa a ap eseye louvri rezòman l yo. Sonje, se Satan. Se dyab la. Oswa, visvèsa, gason an anvè fanm lan, fanm lan anvè gason an, youn oubyen lòt. Kisa l fè? Travay nan pwisans rezònman sa a, konsyans sa a oswa yon bagay, kòmanse deplase ladann.

119 Men bay Pawòl Bondye a premye plas la. Yon nonm pa ka menm vini nan. . . Li pa ka peche. . . Alelouya! Men li. Sa fenk vini, fre. Yon nonm pa ka fè peche jiskaske an premye li mete Pawòl Bondye a sou kote. Li pa ka menm fè *peche*, sa se “enkredil,” jiskaske an premye li debarase l de Pawòl Bondye a, Prezans Bondye a, li pa ka fè peche.

120 Èv pat ka peche jiskaske li te mete Pawòl Bondye a sou kote, nan louvri kanal rezònman li a atravè nanm li, epi li kòmanse rezone. “Enben, sètènman. Mari m pat janm di m bagay sa yo, men mwen kwè ke ou. . . Li te di m mwen pat dwe fè sa, men, ou konnen, ou fè l tèlman reyèl epi tèlman klè. Mwen—mwen kwè sa tap mèveye, paske w ap fè l tèlman klè pou mwen.” Ou wè, men premye batay ki te genyen an. E, atravè batay sa a, te lakòz tout lòt gè. Epi tout san koule ki te janm genyen, te fèt la menm nan Edenn. Li pat kwè Pawòl Bondye a.

121 E si yo pat kwè yon ti yota nan Pawòl Bondye a, sa te lakòz tout pwoblèm sa a, kijan nou pral tounen, nan pa kwè Pawòl la? Nou pa ka fè l. Nou dwe fenmen tout lòt bagay sa yo, konsyans, souvni yo, epi di. . . rezònman yo, ak tout lòt bagay sa yo. “Nou chase rezòman yo.” Nou pa rezone sou sa, ditou, anyen ditou.

122 Nou jis asepte Pawòl la sou baz: “Bondye te di sa,” epi mete yon kouran ant oumenm ak Bondye. Chak kanal vin louvri nan mitan oumenm ak Bondye, lè sa a.

123 Men batay la, premye liy, sou devan an menm. Ann pa sèvi ak yon fizi 22; ann pran yon—yon bonm atomik. Ann fè travay la byen. Ann pran bonm atomik Bondye a. “Kisa l ye, Frè

Branham?” L-a-f-w-a nan Pawòl Li. Sa se bonm atomik Bondye. Li eksploze maladi ak demon yo, adwat epi agoch. Li—li aneyanti yo. Li distenge. . . O, se. . . Li jis detwi. Li dezentegre tout bagay ki pa selon Bondye. Lè bonm lafwa sa a tonbe anndan la a, ak Pawòl Bondye a deyè l, li eksploze tout demon, tout maladi, tout enfimite.

124 Ou di: “Èske se vre, Frè Branham? Alò poukisa l fè l, sou kèk, epi pa sou lòt yo?”

125 Se poutèt kanal la. Ou ka gade deyò a epi wè li. Men nou dwe genyen l anndan *isi a*, gade nan direksyon *sa a*. Pa deyò *la a*, ap gade anndan; nou dwe anndan, ap gade deyò. Ou wè? Nou pa ka vini atravè la rezon. Nou pa ka vini atravè lòt bagay sa yo. Nou dwe desann dwat nan kanal Bondye pou li a, dwat nan nanm lan. E kijan nou fè li? Kisa ki dènye kanal la?

126 Li pral rez- . . . drèt la. Ou di, sans yo: “O, mwen—mwen ka santi l. Wi, men li. En-en. O, mwen—mwen te ka pran sant li, oswa ensideswit. Bagay sa yo la a. Wi.” Pwochen bagay, ou rezone: “Ebyen, sanble l ta dwe konnen de kisa l ap ale. Doktè a di mwen pa ka vin byen. Sa dwe konsa.” Ou wè, la menm ou—ou antò. Se dyab la ki kanpe la a. Se dyab la kap foure bagay sa yo nan ou. Piga w kwè li.

127 “Alelouya! Pawòl Bondye a te di m ap . . . ‘Anwo pase tout bagay, Mwen ta vle ou pwospere nan sante.’ Se vre.” Kijan w ka yon vrè sòlda laba a? Ou wè: “Mwen vle ou pwospere nan sante.”

128 Men li, la menm, kanal sa yo, jis pran yo, louvri yo. Piga . . .

129 Ou jis pase sou kote yo, apre sa si Satan ka enfiltre la a, pase pa konsyans sa yo ak tout lòt bagay sa yo, alò li desann dwat isi a jouk nan bout nanm lan, nan panse a. Kounye a, si l ka jis fè w. . . Ou p ap janm—ou p ap janm gade youn nan yo jiskaske dabò ou dwe kite l antre *isi a*. Ou dwe kite l antre. Apre sa lè l antre, li pran kontwòl la. Apre sa kisa l fè? Li kòmanse itilize konsyans lan. Li kòmanse itilize *sesi*, li kòmanse itilize ouvèti *sa a*. Kisa l ye? Wè a, goute a, manyen an, pran sant lan, tande a; imajinasyon yo, konsyans lan, memwa a, rezònman yo, afeksyon yo. Li kòmanse itilize tout ti kanal diferan sa yo, toutotan li te ka antre, anwo *sila* a isi a. Li dwe antre nan panse w, dabò, epi w dwe asepte li. Li ka . . . Koute. Li ka goumen kont ou, men li pa ka rive sou ou jiskaske ou asepte li.

130 Lè Satan te mache pwoche Èv, epi li te di: “Ou konnen, fwi a agreyab,” li te kanpe pou yon moman. O, sa se lè li te fè yon erè, lè li te kanpe pou yon moman.

131 Pa kanpe pou anyen. Nou gen Mesaj la. Jezi vivan. Bondye se yon Gerisè. Se Mesaj la sa. Pa kanpe pou anyen, nanpwen rezònman, nanpwen anyen lòt.

132 Men li te kanpe pou yon moman. Sa se lè Satan te mache antre dwat nan panse sa a. Li te di: “Ebyen, sa sanble rezonab.” O, pa fè sa. Jis pran sa Bondye te di a.

133 Abraham, e si li tap kanpe pou rezone, lè Li te di l li ta pral gen yon bebe ak Sarah, e manzè te gen swasann senk e limenm swasann ken? E lè misye te gen san, e manzè te gen—e manzè te gen katrevendis, misye, toujou, misye—misye—misye te konfese ke Pawòl Bondye te vre. E li te rele bagay sa yo, ki pa la, kòm si yo te la a. Ou wè? Li. . . Menm lespwa, èske te gen yon lespwa? Li pat menm itilize lespwa.

134 “Ebyen,” ou di: “Mwen espere mwen ka vin kòrèk. Mwen espere m ap byen. Mwen espere mwen gen Sentespri a. Mwen espere mwen se yon Kreyten. Mwen espere mwen fè *sa*.” Ou pa vle sa.

135 Abraham pat janm menm gade sa. Amèn. “Kont tout lespwa, li te toujou kwè Pawòl Bondye.” Lafwa pi lwen pase lespwa. Lafwa soti dèyè *isi a*, nan anndan an. Lafwa sot *isi a*.

136 Kijan li fè antre? Atravè panse sa a, pòt sa a—sa a, se la devan batay la ye.

137 Bon, lè nou pare pou nou batay! Kounye a, dyab la chita drèt bò kote chak kè, maten an. Li chita, kè ti fi sa a. Li chita bò kote kè nou. Li chita toupatou la a. L ap di: “O, mwen te wè w eseye anvan. Mwen te tandè sa anvan.”

138 Chase li. Se tou. Chase li. Kisa Bib la te di isi a, tèks nou an? “Chase li.” Se vre. “Chase li.” Nou te antrene.

139 Mwen panse: “Ki pwoblèm nou predikatè?” Mwen mande m ki kalite antrènman nou te genyen.

140 Bondye ap antrene pou gran batay sa a. Matye 24 te di la a, ak Danyèl 12 tou, te di: “T ap gen yon tan detrès, tankou pat janm genyen konsa sou latè anvan.” E n ap viv nan tan sa a, lè kilti, ak edikasyon, ak tout bagay, toufe Pawòl Bondye a, epi yo rive tonbe nan rezònman e latriye. Batay la se kounye a. Kimoun k ap kanpe? Alélouya! Batay la pare pou l kòmanse. Li pare kounye a. Gade ki gran advèsè nou genyen laba a.

141 Kimoun k ap tankou David? Li te di: “Nou kanpe epi kite Filisten ensikonsi sa a defye lame Bondye vivan yo? M pral goumen avè l.” Amèn. Bondye vle gason ak fanm maten an ki ka leve pou di: “M ap pran Seyè a sou Pawòl Li.” Amèn. Sa pa enpòtan ki echèk ki te genyen, kote te gen *sesi* epi *sela*, epi kisa *sila* a te fè. Sa pa gen anyen pou wè avè l. Noumenm Sayil yo, e latriye, si nou pè li, retounen nan plas nou. Men, lame Bondye a ap avanse, amèn; gason vanyan, gason ki—ki—ki gen lafwa, gason ki gen pwisans, gason ki gen sans. Yo pa bezwen entèlijans. Yo pa bezwen enstwi. Se kanal pou yo ye. Bondye pran ti kanal sa yo.

142 Li te kanpe pou yon moman, pou rezone, ap di: “Ebyen, kounye a, ann wè.” Ebyen, jis tankou, e si. . .

143 Ti dam sa a, maten an, nanpwen dout ke doktè a te di li, li jis prèske nan fen wout la: “Pa gen anyen ki ka fèt.” Ebyen, bon, sa se doktè sa a. Mwen pa kondane li. Nonm sa a se yon nonm syantifik. Li wè ke maladi a te konkeri kò pitit la. Bagay sa depase l. Li pa gen okenn medikaman ki ka rete l.

144 Se konsa kansè sa a ap konkeri madanm sa a; sèten, lanmò te konkeri bebe sa a; men Kapitèn an Chèf nou an, alelouya, de gran lame sa a, Li se rezirèksyon an ak Lavi. Anyen pa ka konkeri Li. Alelouya!

145 Sèvo yon lame repoze nan kapitèn li yo, entèlijans lan. Rommel, ann Almay, te sèvo Almay; pa Hitler. Rommel! Se vre. Eisenhower! Mesye militè yo! Patton! Mesye sa yo ki te sou devan an, sa depann de sa ke yo te bay kòm lòd. Swiv kapitèn nou, si li se yon bon kalite jeneral. Si l se yon bon kalite, si li se yon jeneral kat etwal, si li fè prèv li, si yo te pwouve li te gen rezon, swiv li. Menmsi sa ka parèt pa bon, pou ou, kontinye ale sou devan an. Fè jan l te di w la.

146 Alelouya! Nou gen yon Jeneral senk etwal, ki ekri J-e-z-i, Li mete senk etwal sou nou, l-a-f-w-a. Li pa janm pèdi yon batay. Alelouya! Li te konkeri lanmò, lanfè, ak tonm lan. Fè dyab yo soti sou wout la. Li se gran Kapitèn an Chèf la. Kifè, dyab la pa menm nan pòtre a.

147 Pi gran batay ki te janm fè raj la, chita byen pare kounye a. Sètènman, se sa l ye. O! Alelouya!

148 Lè mwen panse a sa! Lè mwen te kanpe epi gade L ki fè bagay yo, wè Li ki revele bagay yo, louvri bagay yo, pou di: “L ap fason *sa a* ak fason *sila a*,” men li! O, pou gade dèyè *isi a*, epi di: “Kimoun ki gran Kapitèn sa a?” O, mwen pa gade dèyè epi wè si se Doktè *Entèl entèl*. Mwen wè kisa Kapitèn lan te di. “Li se Kapitèn sali nou.” Alelouya! Kisa ki sali a? Delivrans! Glwa! “Li se Kapitèn delivrans nou.”

149 Lè gwo atak la toupre. Alelouya! Sòlda, ak zam briyan, koulè nou k ap flote nan van an! Lafwa ak dout ap fè tèt ou pare, nan tabènak sa a, maten an; dout sou yon bò, lafwa sou lòt la. Sòlda, kanpe nan pòs devwa nou. Alelouya! Kapitèn nou an, Zetwal Maten an, ap mache alatèt. Li pa janm tounen dèyè. Li pa (janm) konn mo rale fè bak la. Li pa gen pou l rale fè bak. Amèn. Sètènman.

150 Pi gran batay ki te janm livre a, l ap fèt isi a menm kounye a, wi, mesye, ant lavi ak lanmò, ant maladi ak lasante, ant lafwa ak dout, o la la, ant libète ak esklavaj. Batay la angaje! Fè lans nou briye, sòlda. Poli zam lan. Bondye ap pare sòlda L yo. Amèn. Bondye wenn lame Li.

151 Lamerik abiye sòlda l yo avèk sa ki pi bon li kapab abiye yo avè l: kas ann asye, epi zam, epi kèlkeswa sa yo genyen an, cha blennde, kèlkeswa sa yo deplase ladann lan.

152 Bondye abiye lame Li. Alelouya! Ki kalite ekipman nou itilize? Espri Epe a, Pawòl Bondye a! Amèn! “Pawòl Bondye a pi file pase yon epe de bò,” Ebre 4: “Ap pèse menm jouk nan separasyon zo a, menm mwèl zo a—a, Li disène menm panse lespri a.” Pawòl Bondye a! Pou kwè Pawòl Li, e se fason sa a Bondye ame.

153 Se sa L bay Èv pou ame tèt li avè l. E li te kraze zam li a. Kijan l te fè sa? Nan louvri panse li bay rezònman. Ou pa rezone ak Pawòl Bondye. Li pa gen anyen pou rezone ladann. Ou . . . Se jis Pawòl Bondye a. Pa gen—pa gen dout sou Li. Pa gen okenn rezònman pou fè avè l. Se Pawòl Bondye a. Se regle. Se sa. Se regle pou tout tan.

154 Ou wè kisa m vle di, cheri? [Sè a di: “Amèn.”—Editè a.] Se Pawòl Bondye a. Bondye te pwomèt sa. Bondye te di sa.

155 Yo te di Abraham: “Kijan w konnen ou pral gen bebe sa a?”

“Bondye te di sa.” Se regle.

“Ebyen, poukisa w pa genyen l?”

156 “Mwen pa konnen kilè m pral genyen l, men m pral genyen l. Bondye te di sa. Sa p ap kanpe m yon tikras.” Li rel- . . .

157 “Poukisa w pa retounen lakay ou, kote w soti a?”

158 “Mwen dwe yon pèren ak yon etranje nan peyi sa a.” Amèn! . . .? . . . “Bondye bay pwomès la. Bondye ap bay bebe a isi a menm nan peyi sa a kote Li te voye m lan.” Alelouya!

159 Bondye ap geri w isi a menm nan atmosfè Sentespri sa a, kote L te voye w la. Bondye ap ba ou l. Jis kwè li. Amèn. Louvri kondwi nanm lan ak kò a, sans yo, ak konsyans lan, epi jis kite Pawòl Bondye yo penetre an premye, pran panse sa a. Men chan batay la.

160 Se pa di: “Ebyen, si m te ka santi l, si m ta santi glwa Bondye a k ap tonbe! O!” Sa pa gen anyen pou wè avè l; anyen ditou.

161 Se pou w louvri panse sa a. Se chan batay la sa a. Men kote batay la pare a, isi a menm nan liy sou devan an, panse w. Louvri li, epi di: “Mwen . . . Chak dout, mwen doute dout mwen yo.” Amèn. “M ap doute dout mwen yo kounye a. M ap kwè Pawòl Bondye a. Men mwen, Satan.” Yon bagay pral rive. Sèten, l ap fèt. Wi, mesye.

162 Li wenn sèvitè L yo ak Espri Li. Li voye zanj sa yo. Moun yo moke yo de sa, pafwa, “zanj.” Kite m—kite m jis vire sou yon bagay isi a avè nou, jis on minit. Ann vire isi a nan Ebre, jis yon minit. Ebre chapit 4 la, chapit 4, e ann . . . Mwen vle di, chapit 1 nan Ebre, e ann vire nan vèsè 14 la.

*Yo tout se pa tout lespri sa yo k ap sèvi Bondye. Se Bondye menm ki soti . . . voye yo pou ede moun ki la pou jwenn delivrans yo.*

. . . *pa te janm di youn nan zanj li yo: Chita oumenm la sou bò dwat mwen, . . .*

. . . *tout zanj Bondye yo . . .*

<sup>163</sup> Kounye a, isi a Bib la tounen dwat pou di nou isi a, ke Bondye voye zanj. Glwa! Kisa yo ye? “Lespri k ap egzèse yon ministè.” Glwa! Espri k ap egzèse yon ministè, ke yo voye soti (ki kote?) nan Prezans Bondye. Pou fè kisa? Pote Pawòl Li. Amèn! Yo pa dwe pote kèk teyoloji de kèk gwoup denominasyonèl, men pou pote Pawòl Li. Se sa. “Lespri k ap egzèse yon ministè, ke yo voye.”

<sup>164</sup> Kijan nou fè konnen se sa yo ye? Bib la te di ke “Pawòl Seyè a te vin jwenn pwofèt yo.” Èske se vre? Zanj sa yo pote Pawòl Li, atravè Espri Li; yo pote Pawòl la, atravè Sentespri a. E Espri a ak Pawòl la te vin jwenn pwofèt yo, e pwofèt yo te gen Pawòl Bondye a. Se pou rezon sa a yo te ka fè mirak yo te fè yo. Se pat lòm lan; se te Lespri Bondye a nan lòm lan, Lespri Kris la nan lòm lan. Paske Pawòl Bondye a . . . Kisa l te fè? Li te netwaye chak kanal. Bondye te chwazi li, e li te wen ak Sentespri a. E se pat li. Li pat janm fè anyen jouk li te wè sa nan yon vizyon. Eli te di, sou Mòn Kamèl: “Tout sa a mwen te fè l sou kòmandman W. Kounye a, Seyè, se pou yo konnen ke Ou se Bondye.” O, glwa pou Bondye!

<sup>165</sup> Mwen te wè l tèlman anpil fwa, lè nou wè Espri Bondye a desann nan yon plas, epi plas sa a vin anba onksyon an! Si ti gwoup sa a isi a maten an, jis te ka sèlman pran lespri sa a isi a, retire tout dout sou chimen an! Kijan nou ka doute ankò, lè nou wè mò yo—mò yo ki resisite, sa ki bwete yo mache, avèg yo wè, soud yo tande?

<sup>166</sup> Anj Seyè a, menm foto L pandye isi a sou miray la, te boulvèse lasyans, tout kote. Kisa L fè? Li rete dwat ak Pawòl la. Amèn! Li tranche chak demon. Wi, Li fè l. Kisa L ye? “Lespri yo k ap egzèse yon ministè, ke yo voye soti nan Prezans Bondye,” pou wenn moun k ap preche Pawòl la, ki rete ak Pawòl la. E Li konfime Pawòl la ak siy ki swiv yo, sa ki ap pwodwi Jezi menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Men Li.

<sup>167</sup> Kijan nou te ka doute, lè Li alafwa syantifikman, materyèlman, espirityèlman, chak fason sa te ka pwouve, Li te pwouve *isi a*?

<sup>168</sup> Kisa ki pwoblèm lan? Se nan panse nou li ye. Nou louvri panse nou bay bagay la, pou di: “Ebyen, kounye a, mwen pa konn si l te ka fèt oswa non. Petèt, si m santi m pi byen demen.” O, sa pa gen anyen pou wè avè l.

<sup>169</sup> Kòm mwen di souvan, Abraham ka te di Sarah. . . Li te depase laj pou—pou l fanm. Nou konn kisa m vle di; tan l pou lavi, venntuit jou l yo. Ou wè, li te gen swasann senk an. Li te petèt depase sa, depi kenzen, ventan. E l te di li, petèt, kèk jou apre, li te di: “Ou santi w on jan diferan, machè?”

“Pa yon tikras diferan.”

170 “Sa pa gen anyen pou wè avè l. N ap kontinye, kanmenm. Ebyen, bon, si w vin tounen yon—yon jenn fanm ankò, nou konnen, atravè san lavi sa a, ebyen, alò, nou wè la a ke sa pral pwoteje bebe a kont chòk yo, e tout bagay pral kòrèk. Kounye a, ou santi w on jan diferan jodi a? Sa fè yon mwa depi L te fè m pwomès la. Ou santi w on jan diferan, machè?”

171 “Pa yon tikras, Abraham. Pa gen yon siy de anyen. Mwen—mwen toujou jis tankou mwen—mwen te ye a depi kèk dènye lane yo. Pa gen yon tikras diferans.”

“Glwa pou Bondye! Nou pral genyen l, kanmenm.”

172 “Èske w panse sa, Abraham, sou . . . Gade, si Li te pwomèt ou, sètènman Li tap ban nou yon siy fason sa a. Sètènman Li tap ban nou yon siy.” En! Alelouya!

173 “Yon jenerasyon fèb epi adiltè ap chache siy.” Se vre. Li te gen yon siy. Kisa l te ye? Pawòl Bondye a. Se te siy lan sa.

174 Kijan Bondye te ka geri pitit sa a? Pawòl Bondye a te di sa; ke mwen santi yon sansasyon, oswa okenn sansasyon. Si mwen . . . Sa pa enpòtan kisa ki rive, Bondye te di sa. Se regle.

175 Abraham te di: “Pran bonèt ou yo ak tout bagay ansanm, n ap pati pou al nan peyi sa.”

“Kote w prale?”

176 “Mwen pa konnen.” Amèn. “Men, nou prale, kanmenm. Men nou!” Pakèt yo fèt epi yo pati. Alelouya! Sa se vrè Pawòl Bondye a. Kisa ki te devan l ki t ap kenbe l? Pwomès Bondye a, Pawòl Bondye a. “Nou pral genyen l.”

177 “Se pou w soti nan mitan pèp ou a, Abraham. Yo se, bagay la se ke, yo se moun ki doute ak enkwayan. Y ap antrene w nan menm pwoblèm avè yo. Vini soti. Separe tèt ou, epi viv pou Mwen.” Kisa l ye? “Kite tout konsyans ou ak sans ou yo dèyè w, konsa. Louvri panse ou, epi sonje, se Mwen. Vini, viv avè Mwen.” Amèn.

178 Bondye ap rele chak Semans Abraham, maten an, pou menm kalite lavi sa a. Gran batay la ap kontinye, kounye a, nan lemonn antye. Bondye vle pitit Li yo separe tèt yo de kisa? Wè a, goute a, manyen an, pran sant lan, tandè a; imajinasyon yo, konsyans lan, souvni yo, rezònman an, afeksyon yo; tout bagay. Se pou yo louvri panse yo epi kite Pawòl la antre, epi mache ak Pawòl la. Sa se yon vrè sòlda.

179 Se fason sa a zetwal yo kanpe. Sistèm solè a pa chanje; zodyak la. Zetwal maten an leve nan pòs li, chak maten, jis egzaktman fason li te fè a lè tè a te kreye. Zetwal aswè a pran plas li; chak zetwal. Ti konstelasyon Lous la, e dwat nan peryòd sezon an, li jis egzaktman kote l sipoze ye a. Zetwal nan Nò

a kanpe estab e pa janm bouje. Alelouya! Tout bagay la vire toutotou Zetwal nan Nò a, tout rèz yo, paske li nan sant tè a.

<sup>180</sup> Se Kris. Amèn. Li kanpe la a, ap kòmande lame Li tankou yon gran Kapitèn.

<sup>181</sup> Tankou Moyiz sou mòn lan ak men li anlè, epi Izrayèl tap goumen, ap koupe wout pou yo pase, e l te kanpe ak men l anlè. Li te kanpe ak men l anlè jiskaske solèy la te kouche. Yo te dwe kenbe men l anlè. Se te Moyiz.

<sup>182</sup> Li te yon tip Kris. Pou sèten ke men L te rete anlè, men L leve yo te klouwe sou kwa a. Alelouya! E Li te grenpe miray Laglwa, jodi a, ak rad Li plen San devan Bondye, sou men dwat Majeste Li a Laba. E batay la, chak sòlda, l ap taye yon chimen. Sa pa gade m kisa ki pase; ak Pawòl Bondye a, l ap taye yon chimen jouk li jwenn libète. Amèn.

<sup>183</sup> Tankou yon poul nan yon ze, e si li pè fè on ti gade deyò? E si li pè bay ti kou sou ze a? E si ti poul la anndan ze a, yon ti zwazo, te pè frape kokiy ze a? E si li ta tandè yon son sou deyò, di: “Pa frape kokiy sa a, ou ta ka blese tèt ou”? Men lanati limenm, nan zwazo a, di li: “Pike l! Fè yon twou ladan l.”

<sup>184</sup> Kite tout ansyen òganizasyon yo di: “Jou mirak yo pase. Ou pral blese tèt ou. Ou pral tonbe nan fanatik.”

<sup>185</sup> Pike dwat sou kokiy la, jis di otan w kapab. Alelouya! “Satan, retire kò w! M ap soti isi a.” Se sa. “M p ap kouche isi a, ankò. M p ap chita isi a, ankò. Mwen pa sou vye teren dyab sa a ankò. M ap bay kou pou m fè wout soti mwen, maten an. Amèn. Mwen se yon èg.” Amèn! Alelouya!

<sup>186</sup> Men vye ti èg sa a, kou li tankou yon mato pilon la a, ap bay kout bèk sou kokiy sa a. Kèlkeswa jan kokiy la te di, li te bay kout bèk jouk li pase ladan l. Premye bagay ou konnen, alò, li te ka bat zèl li on tikras. Li te trè byen.

<sup>187</sup> Bay kout bèk pou w soti. Se vre. Kijan w fè sa? Atake l ak: “ENSI DI SEYÈ A. ENSI DI SEYÈ A. ENSI DI SEYÈ A.” Finalman, ou kòmanse santi lè fre. “ENSI DI SEYÈ A.” Tèt ou soti sou deyò. “ENSI DI SEYÈ A.” Pouse fò kounye a, w ap soti!

<sup>188</sup> Li pa janm tounen nan kokiy la ankò. Amèn. Li lib. O la la! Yon fwa Pawòl sa enstale, travèse tout sans sa yo ak konsyans yo ak bagay sa yo, pou enstale nan fon an *isi a*, epi panse sa a louvri epi kite L antre. O Bondye, gen pitye! Pa janm gen anyen pou mete l nan esklavaj ankò. Ou lib. Sila ke Pitit la rann lib soti nan kokiy la. Denominasyon w lan pa janm ka rele w tounen. Dyab la p ap janm ka fè w anyen ankò. Li ka sifle epi bay rèl, lè sa a.

<sup>189</sup> Men ou sou Otowout la, ap kouri ak gwo vitès, o la la, w ap kouri monte sou Otowout Wa a, sòlda wen lakwa a. E se nou tout èg, ak lafwa, ki pwoklame Jezi, Limyè mond lan, kouri monte sou Otowout Wa a. Sèten. Wi, mesye!



<sup>190</sup> Sila yo se “lespri k ap egzèse yon ministè,” ki voye soti nan Prezans Bondye, pou egzèse yon ministè, pou preche (kisa?) Pawòl Li; pa kèk teyoloji, men Pawòl Bondye. Yo se espri k ap egzèse yon ministè, ke Bondye voye, pou egzèse yon ministè. Espri k ap egzèse yon ministè! O! E, sonje, si l pote yon bagay ki andeyò Pawòl la, li pat soti kot Bondye. Paske: “Pawòl Ou toujou konfime nan Syèl la.” Toujou, nan Syèl la, Pawòl la ve- . . . Bondye veye sou Li. E Li p ap janm voye yon espri pou pote lòt bagay andeyò Pawòl la.

<sup>191</sup> Li p ap janm voye yon lespri ak yon gran gwo Diplòm D.D.D., Doktora, ak kòl li vire tounen sou deyè, tout bagay konsa, ki di: “Ebyen, byensi, jou mirak yo pase. Nou tout konn sa.” Non, non. Sa pa soti kot Bondye. Li kontrè ak Pawòl la. Amèn.

<sup>192</sup> Li voye sila yo ki pote Espri Pawòl la. Amèn.

<sup>193</sup> O, mwen te gen apeprè kat ou senk bagay an plis, men m ap kite l ale nan moman sa a, rebran l dimanch k ap vini an. Trè byen.

Satan ak demon l yo wen.

<sup>194</sup> Si espri zanj sa yo wen pou pote Pawòl la ba ou, pou lakòz ou kwè Pawòl la, kounye a èske w te ka wè kote w janm tande yon pwofèt, yon vrè pwofèt Bondye, ap renye Pawòl Bondye? [Asanble a di: “Non.”—Editè a.] Non, mesye. Kisa k te rive lè òganizasyon nan jou pa yo te leve epi te di: “Kounye a, li antò”?” Li te kanpe poukont li, epi li te kanpe pou kò l. Li te di: “Se laverite.”

<sup>195</sup> Gade Miche laba a jou sa a, ti egzalte a, ou wè, pitit gason Imlah a. Te gen katsan wen, se sa yo te pretann, pwofèt wen ki kanpe la a, tout byen nourri, byen ranje, ak gwo tonton diplòm, epi entelektiyèl trè edike e rafine. Yo te di: “Monte, wa fidèl nou. Se pou Seyè a avèk ou. Sa se pou nou. Se Jozye ki ban nou li. Kifè monte epi pran li. Se egzateman vre. Monte epi pran l. Kisa . . .” Li te di: “Ebyen, Joz- . . .”

<sup>196</sup> Nou konnen, Jozafa te di: “Èske pa gen yon lòt, yon kote?” Ebyen, yo te gen katsan. Poukisa pou pa kwè katsan yo? Li te di: “Men, sètènman ou gen yon lòt, yon kote.”

<sup>197</sup> Li te di: “Mwen—mwen . . . Ebyen, nou gen youn. Gen yon lòt moun, men, o, mwen rayi l.” En! Ou wè?

<sup>198</sup> “Gen—gen, se nèg sa a mwen ta renmen koute, ou wè.” Li te di: “Fè l vini. Ann wè kisa l pral di.”

<sup>199</sup> E kifè yo t al di l, yo te di: “Kounye a, koute. Se pou w jis byen pare predikasyon w lan, maten an, paske w ap preche pou wa a. W ap preche pou . . . tout asosiyasyon ministeryèl entèl entèl la—la, ou wè, nan Palestin lan, tout asosiyasyon minsiteryèl la. Kounye a, sonje, men sa yo te di. Di menm bagay la. Kwè menm bagay la.” Ti sa a . . .

200 Li—li te gen move nonm lan la a. Nonm sa a te fin elwaye de ansyen rezònman sa a. Li te fin netwaye kondwi yo, ou wè, konsyans li.

201 “E, ebyen, donk, ou konn kisa yo pral fè? Si w di menm bagay la, mwen imajine y ap fè w siveyan rejyonal. Petèt y ap fè sa. Y ap—y ap fè w sipèntandan jeneral nan rejyon la isi a, si ou—ou jis dakò avè yo.” Sa pat yon vrè òm Bondye.

202 Enben, kondwi l yo te netwaye, tout konsyans li ak tout bagay klè. Pansel te louvri bay Pawòl Bondye a. E Pawòl Bondye a, sèlman, li tap kwè. Sa se espri yo k ap egzèse yon ministè. Se yon espri k ap egzèse yon ministè.

203 Li te di: “Mwen pa konn kisa pou m di kounye a. Men, m ap di nou sèl bagay sa a, m ap sèlman di sa Bondye di m pou m di.”

Kifè yo te tann nwit sa a. Li te gen yon vizyon.

204 Nan demen maten, mwen ka imajine Miche k ap gade nan Lèzekriti epi li di: “Bon, ann wè kounye a. Èske vizyon sa a . . . Kounye a, tout mesye sa yo, gen yon bagay ki mal isi a yon kote, paske Se kontrè ak sa yo te di a. Ebyen, kisa L te di? Ann wè kisa Eli te di anvan isi a, pwofèt la, paske nou konnen li te yon pwofèt. Wè kisa . . . Pawòl Seyè a te vin jwenn Eli. Wi. E kisa L te di? ‘E chen yo va niche san w. Jezabèl, chen yo va manje l. E poutèt Akab jis la . . . yon jis, Naboth.’” Li te di lè sa a . . . Lè l te wè sa, li te wè ke vizyon li a te jis ann akò ak Pawòl Bondye a, lè sa a, ansyen Akab sa a pa tap pèdi anyen pou l tann.

205 Li te mache drèt la, li te di: “Monte. Men mwen te wè Izrayèl . . .” Ou wè, li pat wont di vizyon li lè sa a, paske se te Pawòl Seyè a. Li te konnen li te ka pran bagay sa a jis pafètman. Kisa? Li te louvri kè li,panse li, bay Pawòl Bondye a, e Pawòl Bondye a te revele ba li, kifè li te konnen se te pafètman Pawòl Bondye a.

206 Kounye a, ou di: “O, si m te ka sèlman yon Miche!” Ou ka sa. Se sa w ye. Se sa w ye, tou, cheri. Ou se yon Miche, pwofèt la. Kisa w ka fè? Louvri panse w. Kisa m ap eseye di w maten an? Pawòl Seyè a. Ou wè? Louvri panse w, di: “Kounye a, ou konnen, mwen kwè mwen ka geri.” Ebyen, kisa L ye, alò? Èske Se Pawòl Seyè a? Sèten, Se Pawòl Seyè a.

207 E mesye sa a isi a di: “Jou mirak yo pase. Ou pa ka fè sa. E ou . . .” Bliye sa. Mete Bondye an premye.

208 Men Pawòl Seyè a vini, epi l te pale Li, e Li te fèt konsa.

209 Kounye a, kisa Satan te fè? Satan te wenn lòt yo. Kounye a, Satan wenn sèvitè l yo. O, sèten. En-en. Sèten. Li wenn sèvitè l yo. Ak kisa li wenn yo? Ak enkredilite. Satan ak demon l yo wenn limanite pou li pa kwè Pawòl Bondye a.

210 Bon, si w vle konfime sa, vire nan Jenèz 3:4. Ann jis vire tounen la a epi koute sa, jis yon minit, epi wè si se pa premye taktik li. Sa se premye bagay li te fè. Li pa janm kite menm taktik

li yo. Li fè l tout tan. Bon, jis wè si se—se sa l ye. Bon, li pat an dezakò ak Pawòl la. Li te jis lakòz li on jan mal entèprete Li on tikal, nou konnen, jis on jan fè L sonnen tankou fason li te vle L sonnen an, pa pran tout Pawòl la. Kounye a, Jenèz, mwen gen isi a, Jenèz 3:4. Ann wè si se sa sa te di kounye a. Trè byen.

*Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou p ap mouri kras.*

211 “P ap mouri kras.” Ou wè kijan li te site l la a? “O, nou kwè jou mirak yo pase. Nou pa kwè gen yon bagay tankou moun k ap resevwa Sentespri a tankou yo te fè l nan Pannkot la. O, nenpòt fason nou batize, sa pa fè okenn diferans.” Ou wè dyab la? Ou wè taktik li yo? “Ebyen, si doktè a te di w ou pa ka vin byen, se regle.”

212 Bon, se pa pou diskredite, pou pa kwè doktè a. Doktè a ap travay sou plan syantifik. E doktè a te fè tout sa li kapab, pou sove lavi moun lan, e li pa ka sove, paske pa gen anyen lòt li konnen pou fè. Li nan bout entèlijans li. Nonm lan onèt. Men, kounye a, pyebwa konesans lan kòrèk, men lè nou rive nan bout li, lè sa a mache al sou Pyebwa Lavi a epi jis kontinye ale. Amèn. Se sa. L ap jis mache jouk la a. Wi.

213 Bon, kisa taktik Satan an fè kounye a? Kisa l te di isi a? Kounye a gade vèsè 1 ak 2 a—a. Kounye a kite—kite m li vèsè 1 an isi a, rive 3.

*Sèpan se bèt ki te pi rize nan tout bèt raje SEYÈ a, Bondye a, te kreye. Li di fanm lan konsa. Eske Bondye te janm di piga nou manje. . . tout pyebwa ki nan jaden an?*

214 Koute l kounye a, jis kijan l vin degoutan, epi kijan li—kijan li blanchi Pawòl sa a. Ou wè? Li. . . Kisa l ap eseye fè? Antre nan lespri li. Ou wè? L ap pale avè l, apre Pawòl la te deja fòtifye la a.

215 Kounye a, piga nou kite Satan fòtifye anyen. Ou wè? Kenbe Pawòl Bondye fòtifye nan kè nou. Ou wè? Fè menm bagay la. Kounye a gade, noumenm Miche yo.

*. . . Fanm lan reponn sèpan an. Nou gen dwa manje fwi tout pyebwa ki nan jaden an: men. . .*

*Men, kanta fwi pyebwa ki nan mitan (mitan, ou wè) jaden an, Bondye. . . di: Piga nou manje ladan l, piga ou manyen l menm. Sinon, n ap mouri.*

216 Ou wè, kounye a, sa se Pawòl la. L ap tounen site L ba li. Kounye a gade.

*Lè sa a, sèpan an di fanm lan. Se pa vre. Nou p ap mouri kras.*

217 Ou wè taktik li? Ou wè? Kisa l ap eseye fè? Premye èt imen sa a, l ap eseye wenn presye madanm sa a la a, pitit fi Bondye a,

ak yon enkredilite nan Pawòl Bondye a. Se egzaktman sa l ap eseye fè l fè.

218 Se sa l eseye fè w fè, cheri. Se sa l eseye fè chak grenn nan nou fè, laba a, wenn nou. E sèl bagay nou dwe fè kounye a. . . Nou gen lib abit nou. Kounye a nou ka asepte l si nou vle. Men choute l deyò. Si Èv pat kanpe nan moman sa a, pou koute! Pa kanpe pou anyen. Pa kanpe.

219 Lè—lè Eli te di Gehazi, li te di: “Pran baton mwen an, al poze l sou bebe mò a. E si nenpòt moun menm pale avè w, pa reponn. Si nenpòt moun eseye rete w, jis kontinye ale.”

220 Gade mandanm lan lè li te rele sèvitè l la. Li te di: “Sele yon milèt epi pike devan, e piga w menm rete jouk mwen mande w.” Se sa.

221 Yon fwa ke w gen mesaj la, kontinye avanse. Amèn. Di: “Mwen pa ka mache. Wi mwen kapab! Kounye a, o, m ap vin fèb.” Jis kontinye avanse, pa rete. Mete tout bagay sou kote, jis kontinye freye yon pasaj, frè, ou gen epe a nan men w, jis kontinye rache.

222 M te antre nan yon estad foutbòl ameriken, yon fwa, epi m ta pral preche. E m te rete bò pòt la epi m te gade anlè, anlè la a. Sa te di: “Se pa gwosè chen an nan konba a. Se gwosè konba a nan chen an.” Kifè se sa ki genyen batay la. Ou wè?

223 Ou di: “Ebyen, gade. Gade tout gran legliz yo ki kont Sa.”

224 Sa pa gade m ki gwosè yo ye. Se konba ki nan chen an, se sa k kontè. Se lafwa ki nan endividi a. Si ou se yon lach, tounen al kajole w nan twou w la. Men, frè, si w se yon sòlda, kanpe deyò la a. Gen yon batay kap fèt. Byen ak mal angaje. Ann goumen.

225 Tankou Peter Cartwright, te antre nan yon vil, te di: “Seyè a te di m pou—pou m antre isi a epi gen yon revèy.” Li te lwe yon vye depo, te antre la a epi kòmanse netwaye l.

226 E gwo entimidè nan vil la, revòlvè pandye sou kote l, te mache vini. Gen pòt. . . Kèk nan yo, te di: “Kisa nèg sa a ap fè la a?”

227 Yo te di: “Li se yon predikatè. Li pral gen yon reyinyon, li te di.”

228 “Ebyen,” li te di: “m panse m ap jis dwe ale laba a epi jete l deyò nan lari a, epi fè l sot isi a. Se tou. Nou pa vle okenn reyinyon bò lakay nou.”

229 Kifè li desann la a, li te frape pòt la fò anpil fwa. E Peter Cartwright te gen manto l sou li, nou konnen, e li tap jis lave vit yo ak miray yo. On ti bout mesye, nou konnen.

230 Vye predikatè a te griyen dan sou li, nou konnen, poutèt li tap manje poul ak men li; ki se pwotokòl jodi a, nou konnen.

231 Kifè li te jis ap lave vit yo epi ap ranje la a. Gwo entimidè a te rive la, li te rale manto li, revòlvè a pandye sou kote l, li te di: “Kisa w ap fè?”

232 “O,” li te di: “M ap lave vit yo.” Epi li te jis kontinye lave vit la, nou konnen. Li te gen yon objektif. Bondye te di l pou l òganize yon revèy. Li te kontinye ap lave vit yo.

Li te di: “Nou pa otorize revèy bò isi a.”

233 Li te di: “O, men Seyè a te di m pou—pou m òganize revèy sa a.” Ou wè? Li te jis kontinye, nan travay li. Ou wè? Ou wè?

234 “Ebyen,” li te di: “gen yon sèl bagay ou—ou dwe konprann.” Li te di: “Se mwen k ap jere vil sa a bò isi a.”

235 Li te di: “O, ou fè sa?” Epi li te jis kontinye ap lave vit yo, nou konnen.

236 Li te di: “Anvan w gen yon revèy, ou dwe kale m anvan.”

Li te di: “O, wi? Ebyen, se jis pwochen bagay m pral fè alò.”

237 Li te jis retire manto li. Li te avanse la, epi li te pran l nan kòlèt, epi li te frape l atè, epi li te sote sou li. Li te di: “Mwen dwe batay, si m dwe reye. Ogmante kouraj mwen, Seyè.” Li bat li byen bat.

Li te di: “Ou pran ase?”

238 Li te di: “Wi.” Li te kanpe epi l te ba l lanmen. Li te sove jou swa sa, nan legliz la.

239 Men ni. Ou wè? Se, pran Pawòl Bondye a epi freye chimen ou atravè tout dout. Ou wè li? Sèten, se sa. Se pwochen travay la sa, ann fè li. Egzak. Pwochen bagay mwen dwe fè se elwaye de dout mwen yo, koupe li. Se pwochen djòb mwen sa, se elwaye tout kontraryete m yo. Si sans mwen yo di m: “Ebyen, ou santi w mal,” pwochen bagay pou fè se koupe bagay sa a. Se vre.

240 Ou di: “Ebyen, ou . . . Yo di m ke . . . Ou konnen, konsyans mwen di m, Frè Branham, ke mwen . . .” Ebyen, ou ta ka otan koupe bagay sa a. Ou pa pral pi lwen pase sa. Jis fè pwochen djòb ou gen pou fè a. Retire manto w epi mete w ladan l dwat. Jis kontinye avanse. Yon sèl objektif: “Mwen pral genyen.” Amèn. “Mwen pa ka pèdi. Mwen pral genyen.” Amèn.

241 Satan wenn. Ou wè? Kisa ki premye taktik li? Kisa ki te premye plas pou l pran? Panse a. Li te kanpe pou yon moman, pou koute kisa l te di. “O, ou pa di sa?”

242 Se la anpil ti jenn fanm komèt erè yo, e ke anpil ti jenn gason komèt erè yo; egzak, yo te kanpe pou yon moman, yo te jis kanpe pou yon moman. Konbyen fwa mwen te wè ka divòs ak bagay konsa, poutèt sa.

243 “Ebyen, mwen di w, Frè Branham, li te sifle tankou ‘wheet-whew’, ou konnen, epi m te kanpe, epi, onètman, mwen—mwen pat vle fè ekspre.” En-en. Men ni.

244 “O, li, mwen te chita an fas li lòt bò kote tab la. Li—li te gen pi bèl je yo!” Ou wè? En-en. Ou wè li? Se sa.

245 Dyab la fè menm bagay la. “O, doktè a te di m mwen pat ka vin byen, kifè mwen . . .” Men ni, menm bagay la, ou wè, pi gran batay ki te janm livre.

246 “Ebyen, yo di mwen . . . Mwen te wè *Entèl* ki pretann li gen Sentespri a.” Wi, ou te gade yon vye ipokrit. E sila yo ki te vrèman genyen Li? En-en. Wi. Dyab la ap pwente w bay yon vye atrap pou kòbo, men li p ap montre w vrè kolonm lan. En-en. Se vre. Li p ap montre w sa, e l ap avegle w sou sa.

247 O, li se yon gerye, tou, sonje. Men pa nou gran . . . “Sila ki nan ou a pi gran, pase sila a ki nan mond lan.” Men kenbe Pawòl Bondye a; kwè Li, noumenm kapitèn lame a isi a. Defann fò pa w la, frè. Se vre, rete nan pòs ou.

248 Kifè, mwen te gen yon tifi isi a, yon fwa. Dam lan ka chita isi a kounye a. Non l se te Nellie Sanders. Youn nan premye fwa mwen te janm wè yon dyab ki te chase. Nou t ap viv, bon, si mwen ka jis eksplike nou ki kote; e se te jis apeprè twa ri pi lwen isi a, pi lwen simityè a. E mwen te fèk vin yon predikatè, e mwen tap preche la a menm nan kafou a, nan yon reyinyon anba tant.

249 E ti fi sa a te youn nan pi bon dansè yo. Li t ale nan lekòl segondè anba isi a, epi li ak Lee Horn. E anpil nan nou isi a nan vil la konn Lee Horn anba isi a, li jere sal biya a. E kifè yo, li ak Lee Horn, te meyè dansè ki te gen nan peyi a. Li se Katolik, limenm. Byensi, relijyon pat vle di anyen pou yo, kifè lè sa a . . . Nellie avè yo. Kifè, manzè te yon gran dansè, e misye te sa, tou. E yo te gen sa a isi a dans ki rele “black bottom,” ak “jitterbugs,” ak tout bagay sa yo. E manzè te . . . Toude yo te sa k pi bon yo nan peyi a.

250 Yon jou, li te antre anwo isi a ap mache de bò, yon jou swa, nan reyinyon an. La a li te tonbe ajenou, devan lotèl la, ti Nellie. Se pou kè li beni. Li te lonje la a devan lotèl la. Li te leve tèt li anlè. Epi li t ap kriye, ak dlo nan je ki tap koule sou machwa li. Li te di: “Billy . . .” Li te konnen m. Li te di: “Mwen vle sove, sitèlman.”

251 E mwen te di: “Nellie, ou ka sove. Jezi deja sove w, tifi. Ou dwe asepte l kounye a sou baz Pawòl Li.”

252 E li te rete la a. E li te kriye, epi li te priye, e l te di Bondye li pa tap janm koute bagay mond lan ankò. Toudenkou, yon bèl pè dous anvayi nanm li. Li te leve sot la a, ap rele epi ap louwe Bondye, ap glorifye Bondye.

253 E apeprè sis oswa uit mwa apre sa, li tap desann Spring Street, yon jou swa.

254 Bon, li te jis yon jenn fi, li te jis nan adolesans li, apeprè dizuit an. Epi li vin jwenn mwen, epi l te di: “Hope . . .” Se te madanm mwen, sila a ki pati a. Li te di: “Mwen swete m te sanble ak Hope ak Irene.” Li te di: “Ou konnen, yo pat janm soti al nan mond lan.” Li te di: “Mond lan mete yon mak sou ou.” Li te di: “M gen

yon aparans ki di.” Li te di: “Bon, mwen sispann mete makijay ak bagay konsa, men mwen parèt tèlman di. Menm mak mwen yo, nan figi m,” li te di: “M parèt di.” Li te di: “Yo parèt tèlman inosan epi dou.” Li te di: “Mwen swete mwen pat janm fè sa.”

<sup>255</sup> M te di: “Nellie, San Jezikri a netwaye tout peche, cheri. Ale, kwè li.”

<sup>256</sup> Wayne Bledsoe, anpil nan nou konnen l isi a, yon bon zanmi m, epi ane apre ane. Li te yon tafyatè. E li monte isi a ak frè m lan, Edward. Epi l te vin sou laba a nan lari a, e mwen te ranmase li, paske lapolis ta pral pran li. E mwen te mennen l isi a. E mwen te yon predikatè e m te abite isi a, kay manman m ak papa m, byen avan m te marye. Epi m te pran li, mete l nan kabann lan anndan la a. Mwen dòmi. . . m te dòmi sou yon kanape. Te gen yon gwo gwoup Branham, nou konnen, dis nan nou. E kifè nou te gen apeprè kat chanm, e nou te dwe on jan pataje pyès yo, on tikras. Kifè, mwen te gen yon vye kanape mwen te dòmi sou li. Mwen te rale l louvri *konsa*, epi—epi mete Wayne nan kabann lan avè m. Li te sou, m te dwe pote l mennen l anndan kay la epi mete l kouche.

<sup>257</sup> E mwen te lonje la a. Mwen te di: “Wayne, èske w pa wont tèt ou, konsa?”

<sup>258</sup> Epi l te di: “En, Billy, pa pale avè m konsa.”

Epi mwen mete men m la. Mwen te di: “M pral priye pou ou, Wayne. Bondye beni w.” E m te sove apeprè, o, mwen sipoze apeprè, petèt en an.

<sup>259</sup> E alò, toudenkou, yon—yon taksi, yo te frape pòt li deyò a, epi yon moun tap frape pòt la byen fò. “Frè Bill! Frè Bill!” [Frè Branham te frape sou lestrad la—Editè a.]

<sup>260</sup> Mwen te panse: “Woy, yon moun dwe ap mouri.” Mwen te sote, al bò pòt la; mwen te atrap vye bagay mwen an la a, mwen te mete l alantou pijama m lan, *konsa*, epi m te kouvri Wayne, m kouri al bò pòt la.

<sup>261</sup> Li te sanble se te yon fanm. Mwen te louvri pòt la, epi jenn fi sa a te kanpe devan pòt la. Li te di: “O, èske m ka antre?”

Mwen di: “Antre.” E mwen limen limyè yo.

<sup>262</sup> E la a li te jis ap kriye konsa, epi l te di: “O, Billy, mwen—mwen—mwen fini! Mwen fini!”

<sup>263</sup> M di: “Ki pwoblèm, Nellie? Ou te gen yon—te gen yon atak kè?”

<sup>264</sup> Li di: “Non.” Li di: “Frè Bill, mwen tap desann nan ri Spring lan.” Li di: “Onètman, Frè Bill! Onètman, Frè Bill, mwen pat vle fè okenn mal. Mwen pat vle fè okenn mal.”

<sup>265</sup> Mwen di: “Ki pwoblèm?” Mwen te panse: “Kisa m pral fè avè l kounye a?” Mwen pat konn kisa pou m fè. Mwen, jis yon jenn gason. E mwen. . .

266 Li te di: “O, Frè Bill,” li te di: “mwen jis—mwen jis—mwen jis an myèt moso.”

Mwen di: “Bon, kalme w, ti sè. Rakonte m tout bagay.”

267 Epi l te di: “Ebyen,” li te di: “mwen tap desann lari a, epi nan Sal Redman lan. . .” E yo te konn abitye gen dans samdi swa la a. E l te di: “Mwen te gen kèk bagay, se ke mwen ta prale lakay mwen pou m fè yon rad pou mwen.” Epi l te di: “Mwen te tandè mizik sa a.” E l te di: “Ou konnen,” li te di: “mwen te kanpe jis on minit.” E l te di: “Sa te kontinye ap vin pi bèl. Kifè mwen te panse: ‘Ou konnen, sa p ap fè mal si mwen kanpe drèt isi a.’”

268 Se la li te fè erè li a, li te rete kanpe pou yon moman. Li te jis koute.

269 Li te di: “Ebyen, mwen pral panse.” Li te di: “O Seyè, Ou konnen mwen renmen W, poutan.” Li te di: “Ou konnen mwen renmen W, Seyè. Men mwen ka sonje sèten moman lè Lee avè m te konn genyen tout koup yo—yo, e latrye.” Li te di: “O la la, mwen sonje ansyen mizik sa a te konn atire m. Sa pa fèt ankò kounye a.”

270 O-o, o-o! Ou jis panse li pa fè l. Li te pran w deja, la menm. Se ase bon, se jis sa ke l vle, la menm. Ou wè?

271 Konbyen ki te janm konnen Nellie Sanders? Ebyen, mwen sipoze anpil anpil nan nou. Wi. Sèten. Kifè yo—yo te—yo te. . .

272 Li te di, li te di: “Ebyen, ou konnen kisa?” Li te di: “Petèt si mwen monte mach yo anwo la a,” li te di: “petèt m ap kapab temwaye a kèk nan yo.”

273 O! Ou wè, ou sou teren dyab la menm. Rete andeyò li. “Evite menm aparans mal la.”

274 Men li te mache monte, sou tèt mach yo, epi li te kanpe la a kèk minit. E premye bagay ou konnen, li te jwenn li nan bra yon gason, la sou pis la.

275 Apre sa li vin nan limenm. E li te kanpe la a, ap kriye epi san rete, li te di: “O, mwen pèdi kounye a, pou tout bon. Mwen. . .”

276 Mwen te panse: “Ebyen, mwen pa konn twòp sou Bib la, men mwen kwè Jezi te di sa: ‘Nan Non Mwen yo va chase demon yo.’” Mwen. . .

277 Epi Wayne te fin desoule, on ti kras, epi li te chita la a, ap gade. Ou wè? Kifè mwen te di: “Kounye a, demon, mwen pa konn kimoun ou ye, men m ap di w kounye a, sa se sè mwen, e ou pa gen okenn zafè nan kenbe li. Li pat vle fè sa. Li te jis kanpe pou yon minit.” Se la li te fè erè l la, poutan. Mwen te di: “Men ou pral dwe soti nan li. Ou tandè mwen?”

278 E kifè ede m, Bondye, devan Tribinal Jijman an, yo va konnen sa. Pòt an griy sa a kòmanse ap louvri epi fenmen, pou kont li. “Plumpity, plumpity,” la a nan pòt la. “Pump, ka-plump, ka-plump.” Mwen te panse.



Epi l te di: “Bill, gade la a. Gade la a.”

Epi m te di: “Wi. Kisa sa ye?”

Li te di: “Mwen pa konnen.”

Mwen te di: “Ni mwen tou.”

279 Epi pòt la tap fè “pumpity-pump, ti-pump,” ap fenmen konsa. Mwen te panse: “Ki pwoblèm ki gen isi a? Ki pwoblèm ki genyen?”

280 Mwen te gade ankò, *konsa*. E mwen te di: “Kite l, Satan! Nan Non Jezi, soti nan li!”

281 Lè mwen te di sa, li te sanble ak yon gwo tonton chòvsourit, apeprè longè *sa a*, te leve soti deyè li, ak cheve long pandye nan zèl li yo epi nan pye l, *konsa*. Tap fè: “Wououou.” Li te kòmanse ap vin drèt sou mwen, jis ak tout vitès.

282 Mwen di: “O Seyè Bondye, ke San Jezikri pwoteje m anba sa a.”

283 Epi Wayne te sote sou kabann lan, li te gade. E men l te isi a, tankou yon gwo lonbray, ap fè laviwonn, epi li tale laba a epi li te desann deyè kabann lan. Wayne te soti nan kabann lan, al nan lòt sal la, ak tout vitès. Kifè nou . . .

284 Mwen te pran Nellie epi m te mennen l lakay li. Epi m te retounen, e mwen pat kapab . . .

285 Manman te antre la a epi te souke dra yo ak tout bagay. Pat gen anyen nan kabann sa a. Kisa l te ye? Yon demon ki te soti nan li. Kisa k te rive? Li te kanpe pou yon moman. Se tou.

286 Pa kanpe, ditou. Lè Bondye fè Pawòl Li antre nan kè w, jis pran Epe sa a epi kòmanse rache epi koupe. Alelouya!

287 “M pa gen tan pou tann anyen lòt. M fenk travèse, m pa gen tan menm pou tabli tèt mwen.”

288 Li te di: “Ebyen, e pran baton mwen an epi poze l sou bebe a. E si nenpòt moun pale avè w, pa menm pale avè yo.”

289 Si dyab la di: “Ey, ou konn kijan w santi w?” Pa menm pale avè l. Jis kontinye avanse.

290 Dyab la, nou konnen, dyab la di: “Men ou konn kisa? Nou konnen, *Entèl*, lè yo te gen Sentespri a, ou sonje, yo—yo prèske pèdi lòlòj yo.” Pa menm pale avè l. Jis kontinye avanse. Ou pa konn sa k konsène *Entèl*.

291 Se ou ak Bondye. Se vre. Kenbe Bondye. Li wenn sèvitè L yo. Mwen dwe prese. Bondye wenn sèvitè L yo. Ou wè?

292 Kounye a mwen dwe pase sou kèk nòt isi a, men mwen ta renmen di sa. Men ni, koute kounye a, byen.

293 Ti dam, koute byen kounye a.

294 Isi a nou wè taktik dyab la. Kouman nou fè? Bon, mwen gen anpil Ekriti isi a, sou pwofèt yo ak bagay konsa, kote li vin

jwenn yo, ak diferan moun atravè Bib la, epi te fè menm bagay la. Se toujou taktik li, se eseye fè moun yo pa kwè Pawòl Bondye. Koute, nou sòlda lakwa yo. Lè nou pa kwè yon sèl Pawòl nan Bib Bondye ki ekri a, nou dezame.

295 Ou kwè sa, cheri?

296 Ou dezame. Ou rann tèt ou, oumenm lagratèl. Pran mete sou ou tout kalite zam Bondye yo. Amèn. Nou nan yon batay. Sa Bondye te di se vre. “Chak pawòl lòm se yon manti.” Ou wè? Men osito ou . . . fè w koute yon sèl bagay, sa se taktik li, ou dezame.

297 Konbyen bagay Èv te dwe koute? Yon sèl. Li te dezame la menm. Kisa dyab la te fè? Penetre dwat nan panse li, nan espri li, epi l te pèvèti la a. Èske se vre? Li te pèvèti nan minit menm ke li te dezame a, lè li pat kwè Pawòl Bondye a. Trè byen. Isi a nou wè taktik li yo.

298 Yo kòmande sòlda Bondye pou “Pran mete sou yo tout kalite zam Bondye yo.” Èske se vre? Kounye a, si w vle note Ekriti sa a, yo jwenn li nan Efèz 6:10 ak 13. Ou wè? Nou li l sa fè on moman de sa. Se tèks nou an. Trè byen. Remake. “Pran mete sou ou tout kalite zam Bondye yo.” Ann . . . Èske nou gen kèk minit nan tan? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ann tounen isi a jis on minit. Ann jis wè kisa tout kalite zam Bondye yo ye. Trè byen. Ann kòmanse nan vèsè 10 la. Bon, koute byen kounye a. Ann jwenn tout kalite zam Bondye yo. “Finalman, frè m yo . . .” Bon, mwen konnen m pral . . . Mwen . . .

299 Li midi mwen ven minit, kounye a menm, jis prèske. Mwen—mwen pa . . . mwen pat vle anseye nou twò lontan, jodi a, men mwen—mwen ka genyen jis apeprè yon sèl Mesaj an plis jouk mwen fè kèk nan vwayaj mwen yo pou ete a, nou wè.

300 E nou konn kisa? Nou konn poukisa m ap fè sa? M ap di nou. Lòt jou a mwen te gen yon rèv. Mwen pa ta pral di li, men li jis nan lespri mwen. Mwen ta byen fèt fè l, apre Seyè a fin ban m entèpretasyon yo.

301 Mwen te reve ke mwen tap pare pou m travèse yon gran rivyè, pou yon travay misyonè. E bon, dabò, mwen te la a ak madanm mwen . . .

302 E konbyen ki te janm konnen George Smith, sis segonn Smith, isi a nan vil la? George Smith, ti gason l lan se polisye isi a. Li, pòv George, se yon alkolik kounye a. Men li te youn nan pi bon bokse yo. Li te sila a ki ban mwen antrènman mwen, avan mwen te menm ale nan Y.M.C.A. oswa nenpòt kote. Li te konn antrene nou. E li te rapid, vrèman rapid. Li te yon bokse pwa mi mwayen, pou san karannsenk liv. E li te antrene m. E l te konn kanpe la a, e l te ka pran pwen li, *konsa*, epi frape m dwat nan lestomak, leve m kont miray la, ou wè, men, e sa pat deranje m. Li te jis antrene m, pat gen anyen ke jis antrene.

303 Epi mwen—mwen te reve, lòt nwit la, ke mwen te wè Smith sis segonn. Bon, se pat yon vizyon. Se te yon rèv. E mwen te wè Smith sis segonn, jenn gason t ap batay kont li, nan lit. E li, granmoun sa a, anviwon, o, m sipoze . . . Mwen gen senkannde. Li gen anviwon senkanntuit, swasant an. Pat gen okenn nan jenn gason sa yo ki te ka touche l, nan okenn fason. Li jis anpeche yo bouje nèt, *konsa*, li jis blayi yo atè a epi li kenbe yo la ak men li.

304 E mwen te panse: “Sa etranj.” Mwen te panse madanm mwen te avè mwen, e mwen te di: “Sa etranj.” Mwen te di: “Ou konn kisa, Meda? Lontan se li te antrenè mwen.”

Li te di: “Mwen—mwen sonje sa, ou te pale m de sa.”

305 Mwen di: “Wi, mesye. Ak bon antrènman li a, mwen te genyen kenz konba pwofesyonèl, epi m te sispann metye a—a; pou preche Levanjil la.”

306 Nan menm moman an sa te chanje, e mwen te mete m anwout pou travèse yon—yon mas dlo. Men lè mwen ta prale, mwen ta prale nan yon bato a motè. Mwen te voye je m gade, e men de nan frè m yo te chita la a, chita nan yon kannòt, yo tap pare pou yo ale avè m. Mwen te di: “Nou pa ka fè sa, frè. En-en. Mwen dwe ale poukont mwen.”

307 E mesye bato a monte, epi l te di: “Men yon bato pou ou,” yon vrè kannòt blan an plastik.

Mwen di: “Non. En-en. Pa sa a.”

308 Li di: “Ebyen, ou ka kouri jouk nan direksyon *sa a* avè li, katreven kilomèt a lè.”

Mwen di: “Men mwen dwe travèse nan direksyon *sa a*.”  
Ou wè?

“Ebyen,” li te di: “ale avèk mesye *sa yo*.”

309 Mwen di: “Yo pa moun bato. Yo pa konn ase sou sa. Yo gen gwo eksitasyon kè kontan. Yo pa ka travèse sa a. Yo toude ap neye la a. Yo jis pa ka fè l.”

E l te di: “Èske ou se . . . èske w ka gen konfyans . . . ?”

310 Mwen di: “Koute, mwen—mwen konn plis sou bato pase yo konnen, e mwen pa tap eseye travèse avèk sa, jis ak jan de materyèl sa a.” Mwen di: “Sa dwe pran yon bato a motè pou travèse sa a.” Mwen di: “L ap pran yon bagay ki pi gran pase sa a.”

311 Epi mwen wè l vire gade, youn nan frè yo, epi li di: “Èske w se yon moun bato?”

Frè yo te di: “Wi.” Ou wè?

Mwen di: “Se pa vre.”

312 Epi mesye bato a tounen. Li di: “M pral di w sa pou w fè.”  
Li te di: “Yo renmen w. Yo kwè nan ou. Men,” li te di: “si w eseye

travèse nan bato a motè a, y ap eseye swiv ou nan kannòt sa a. Yo toude ap mouri, ou wè.” Li te di: “Yo pa ka swiv ou.”

E mwen di: “Ebyen, kisa mwen dwe fè?”

<sup>313</sup> E mesye bato sa a sou waf la, li te di: “Retounen *laba a.*” Li te di: “Gen yon sèl ti depo nan tout peyi sa a, yon sèl ti depo. E jis fè anpil pwovizyon,” li te di: “e y ap ret isi a. Y ap—y ap rete isi a pandan ou—pandan ou pati. Men,” li te di: “li pral nesèsè ke ou estoke pwovizyon.”

<sup>314</sup> E mwen te jis fè kòmman tout kalite chou, ak navè, ak radi, ak bagay konsa, mwen te anpile yo anndan la a konsa. Apre sa mwen te reveye.

<sup>315</sup> Mwen pat konn kisa sa te ye, men mwen konnen kounye a. Ou wè, n ap fè pwovizyon yo, frè. Sa se yon lavi kote ou dwe mache poukont ou.

<sup>316</sup> Leo, ou sonje rèv ou te fè nan moman sa a lè ou fèk vin isi a? [Frè Leo Mercier di “Amèn.”—Editè a.] Sou piramid la, e ou tepanse ou te ka monte jouk la a. Mwen te di: “Leo, pyès nonm pa monte isi a. Se Bondye ki dwe mete yon nonm isi a. Ou te grenpe nan tout otè ke yo ka grenpe fizikman.” Mwen di: “Ou pa ka vin isi a, Leo. Ou wè? Tounen desann. Jis di moun yo ke sa soti kot Bondye.” Ou wè? Ou wè?

<sup>317</sup> Se yon bagay ke nou—nou pa ka konte sou li, osi bon ke frè yo ak sè yo ye, ak legliz mwen ak tout bagay, e osi bon ke lòt legliz yo ye, ak frè yo, toupatou.

<sup>318</sup> Kounye a, mwen pa ka rete lwen legliz la deyò la a. Yon moun di: “Ebyen, poukisa w ale laba ak moun sa yo, Trinitè sa yo, tout *sesi, sela*, ak se *lòt bò*, ak Initè yo, ak moun Non Jezi yo, ak tou lòt bagay sa yo la a? Poukisa w melanje avè yo, menm?” Yo se pa m. Sa pa enpòtan kisa yo te fè, yo se pa m. Yo se lestrad mwen.

<sup>319</sup> Lè Izrayèl te fin fè tèlman mechanste, jiskaske Bondye te menm di Moyiz, Li te di: “Separe tèt ou. M ap kòmanse yon nouvo—nouvo tribi avè ou.”

<sup>320</sup> Moyiz te jete tèt li nan chimen an, li te di: “Anvan Ou pran yo, pran m.”

<sup>321</sup> Sa pa enpòtan kisa yo te fè, se pou yomenm yo te voye m. Li voye yon Limyè, pa pou klere kote gen Limyè. Kote gen fènwa, se kote pou Limyè ye. E nou dwe jwenn ak moun yo. Nou dwe kanpe avè yo, kèlkeswa, nou dwe fè l, malgre erè yo.

<sup>322</sup> Izrayèl te nan lerè otan yo te ka nan lerè. Yo te tèlman nan lerè jouk Bondye te abandone ka yo. Men, Moyiz, mwen te toujou mande tèt mwen kijan sa te fè rive, men se te Espri Kris nan Moyiz. Ou wè?

<sup>323</sup> Ou wè, nou tout nan lerè. Li te kanpe pou nou tout lè nou te nan erè nou.

324 Sa pa enpòtan nan ki pwen yo nan lerè, ann pa sispann kominye oswa dezazosye tèt nou ak anyen. Toutotan nou ka genyen yon nanm, ann ale ak “saj tankou sèpan, inofansif tankou kolonm,” ou wè, epi eseye genyen chak nanm ke nou kapab.

325 Bon, se sa m ap di maten an, se mete Manje an rezèv. Mete Manje an rezèv, konsa n ap gen yon Bagay pou n manje, konsa n ap gen yon Bagay pou n fete sou li. Pran L sou bann nou yo. Chita nan frechè chanm lan. Petèt, lè mwen pati byen lwen, n ap toujou sonje bagay sa yo vre. Chita nan chanm nou epi koute. Ou wè? E sa se Manje, ki an rezèv, nan depo a. Mwen pa konn ki kote vwayaj la ap mennen, men, kèlkeswa kote l ye a, Li konn ki kote L ap kondwi; mwen pa konnen, mwen jis ap swiv.

326 Bon, kisa l te di isi a kounye a? Koute byen.

*Pou fini, chache fòs nou nan lavi n ap mennen ansanm ak Seyè a ak nan gwo pouvwa li.*

*. . . chache fòs . . . nan gwo pouvwa li.*

*Pran mete sou nou tout kalite zam Bondye ban nou pou nou ka kenbe tèt anba riz Satan.*

*Paske, se pa ak moun nou gen pou nou goumen . . .*

Tire bal epi koupe ak kouto, ou wè, se pa sa.

*. . . Men, . . . se ak chèf, ak pouvwa, ak otorite k ap gouvènen nan fènwa ki sou latè a.*

327 “Otorite k ap gouvènen fènwa.” Kimoun ki gouvènen mond lan? Dyab la. Sètèman. Kimoun ki fè tout bagay sa yo ap fèt, tout bagay enpi sa yo k ap fèt yo, nan viwonn bò isi a, ak gouvènman sa yo, e latriye? Tout se dyab la. Bib la te di sa. Dyab la kontwole Etazini. Dyab la te kontwole Almay. Dyab la kontwole tout nasyon nan mond lan. M ap vin sou sa, jis nan kèk minit, e n ap dekouvri si li fè l, oswa non. Si . . . Tout wayòm ki te janm egziste e ki pral janm egziste, jiskaske Bondye tabli wayòm Li, yo kontwole pa dyab la.

328 Mwen pa vle di tout moun nan li se dyab la, kounye a. Gen dèzòm ak sen nan—nan biwo gouvènman yo.

329 Pral gen youn isi a nan kèk sware, isi a menm, pou montre yon foto isi a ak Frè Arganbright, isi a nan plas la. Li te diplomat la pou apeprè senk prezidan diferan, Frè Rowe. E li se yon . . . L ap isi a, mwen panse se apeprè dezyèm semèn ann avril. Frè Neville ap anonse li. E li se yon nonm mèveye.

330 Li te di li te ka pale nan uit lang diferan, mwen kwè. Men lè li te resevwa Sentespri a, li pat gen lang lan pou li te ka pale ak Seyè a, kifè Seyè a jis ba li youn, li te di, konsa li pale avè L ak grenn sa a. Li ba li yon nouvo, ke li potko janm itilize. Trè byen.

*. . . move lespri ki nan syèl la,*

*Se poutèt sa . . .*

331 Kounye a koute, nou tout sòlda kounye a, jis anvan nou kòmanse liy priyè a.

*. . . pran pa w . . . (t-o-u-t) tout (pa jis on pati nan li) . . .  
tout zam Bondye bay yo. Konsa, lè move jou a va rive,  
w a ka kenbe tèt ak lènmi an . . .*

Sa se jou n ap viv ladann lan.

*. . . Lè batay la va fini nèt, n a kanpe la byen fèm nan  
pozisyon nou toujou.*

*Pare kò nou: . . .*

332 Amèn. Nou konprann sa? Ou wè, ti cheri? Lè nou te fè tout sa nou ka fè, pou kanpe, alò kanpe. Pa bouje.

*Pare kò nou: mare ren nou . . .*

333 Koute sa. Koute isi a, kisa sa ye. “Ren nou.” Sa se pati nan senti nou, *isi a*, ou wè.

*. . . mare verite a tankou . . .*

334 Kisa ki Verite a? Pawòl Bondye a. Se vre. “Pawòl Ou se Verite.” Trè byen.

*. . . Pwoteje nou ak jistis Bondye a tankou plak pwotèj  
sòlda yo mete sou lestomak yo pou pwoteje yo.*

335 Sa se: “Fè sa ki bon.” Gen Pawòl Bondye a nan nou, nan fè sa ki bon. “Pwotèj sou lestomak pou jistis la.”

*Pou soulye nan pye nou, mete aktivite pou anonse bon  
nouwèl k ap fè moun viv ak kè poze a.*

336 Ale nenpòt kote, nenpòt plas, nenpòt lè, pye ki gen soulye Levanjil la. Ou wè? Epi gade:

*Toujou, toujou sa, pran lafwa tankou yon boukliye . . .*

337 Sa se sila a ki frape flèch yo atè, ou wè: “Boukliye lafwa a.”

*. . . ki va penmèt nou pare tout flèch Satan an ap voye  
tou limen sou nou.*

*Resevwa pouvwa Bondye k ap delivre nou an tankou  
yon kas an fè nan tèt nou . . .*

338 Se nanm lan . . . Panse a—panse a, anndan *isi a*, tèt la; sa ki kouvri tèt la.

*. . . Asepte pawòl Bondye a tankou yon—yon epe  
Sentespri a ban nou.*

339 Kisa kas sa a pral pèmèt ou fè, kisa l fè? Se yon pwoteksyon. Ak kisa yo fè yon kas? Eren. Eren pa menm ka tranpe; di, pi di pase fè. Yon kas ann eren, (de kisa?) lesali, konesans nan konnen sa: “E gerizon mwen soti kot Bondye. Sali mwen soti kot Bondye. Eksperyans mwen koresponn ak Pawòl Li, pa lide legliz yo; Pawòl la!” Amèn. Men ni. Kouvri, ak yon pwoteksyon, kas sali a, delivrans. Pran sa, apre sa al mache pi devan. O, bon, kounye a se sa nou sipoze fè. Lame Satan an . . .

340 Bon gade, kounye a, nou . . . M jis dwe prese, men mwen—mwen dwe fè sa antre.

341 Lame Satan pote maladi. Se sa Satan ye, li se yon destriktè. Satan, tout wayòm Satan an, se maladi, lanmò, ak soufrans, ak traka, ak enkyetid, tout sa soti kot Satan.

Bondye se Lavi, lafwa, lajwa, lapè, bò *isi a*. Ou wè?

342 Kounye a, sa se de gran fòs k ap vin ansanm kounye a menm. Y ap goumen. Y ap goumen *isi a* menm nan bilding lan kounye a menm. Yo goumen, jou apre jou, avèk nou, chak fòs.

343 Satan, ap swiv nou toupatou, gwo tonton Golyat sa, ki gen lè wayal, sasèdotal, k ap eseye fè kè nou sote. Se dwa li, men Bondye . . .

344 Ou fòtifye, amèn, ak Levanjil la, ak Pawòl Verite a toutotou ren ou. Glwa! Predikatè, se sa l ye. Kas sali a; bouklye lafwa a; ak Epe a nan men an, w ap brandi Li! “Satan, m ap vin kontre avè w. Ou kontre avè m nan non lasyans. Ou kontre avè m nan non kilti. Ou kontre avè m nan non òganizasyon an. Ou kontre avè m nan non *sesi, sela*, oswa se *lòt bò*. Men mwen kontre avè w nan Non Seyè Bondye Izrayèl la. M ap vin afwonte w. Retire kò w!” Menm lanmò limenm pa ka kanpe la a. Koupe yon twou ladan l. Se vre.

345 Lame Satan an pote maladi, e lame Bondye a gen komisyon pou l chase yo. Amèn. Men ni. Chak fwa Satan jete nenpòt sou, sou ou, lame Bondye dwe chase li. Amèn. Chase!

346 Sa se teknik la menm ke Bondye te itilize. Satan te itilize lame destriksyon an, pou pa kwè Pawòl Bondye, epi tabli pou tèt li yon pi bon wayòm pase Michel te genyen an, e Bondye chase l.

347 Metòd Bondye, se, chase mechan an. Chase rezònman. Chase sipèstisyon. Chase enkyetid. Chase maladi. Chase peche. Amèn. Ou pi wo li, resisite nan Kris Jezi, chita nan lye Selès yo, ak chak demon anba pye w. Si l kòmanse foure tèt li ladan l, kisa . . .

348 Nou konnen, nou mouri. Lavi nou kache. Kisa sa ye *mouri*? Nou mouri a sans nou yo. Nou mouri a konsyans nou. Pwòp volonte imen nou an tap di: “Wi, mwen sipoze mwen . . .” Mouri a rezònman nou. Mouri a tout bagay sa yo. E nou antere nan Non Jezikri; epi resisite avè Li. E kèlkeswa kote L ye, men nou la a tou.

349 Kisa k te rive lè sila yo, youn nan moun ki doute sa yo, te rive nan Syèl? Bondye te choute l deyò. E kisa L te di sòlda yo ki te resisite nan Kris? “Lè yon demon vin la a, choute l deyò. Chase li.” Lè Jezi te antrene lame Li a, e te ba yo misyon jouk nan dènye bout mond lan, “Ale nan tout mond lan, preche Levanjil la bay tout kreyati. Sila ki kwè e ki batize va sove; sila ki pa kwè va kondane. E siy sa yo va swiv kwayan yo, sòlda M yo. Nan Non Mwen yo va chase demon; yo va pale nouvo lang; si yo pran sèpan,

oswa bwè bagay mòtèl, sa p ap fè yo mal; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.”

Ann avan, sòlda Kreyen!  
Mache tankou nan lagè,  
Ak lakwa Jezi a  
Ki prale devan.

<sup>350</sup> “Mwen klouwe sou lakwa avè Li, poutan si m ap viv; se pa mwen k ap viv, men se Li k ap viv nan mwen.” Pawòl la ki prale, devan, Bondye k ap koupe, ak Epe file de bò Li a.

<sup>351</sup> Alò, se pa etonan, lè Grant te pran Richmond, e ti madanm nan sid sa a te wè Grant k ap antre, enspirasyon an te frape li. E li te di:

Je mwen te wè laglwa vini Seyè a;  
L ap pile rekòt la kote yo mete rezen kolè yo an  
rezèv;  
Li te lage zèklè fatal la ak Epe terib epi rapid  
Li a;  
Twoup Li yo ap avanse.

<sup>352</sup> Amèn. Kijan Grant te pran Richmond? Jis osito li te rive la. Amèn. Se konsa li te pran Richmond.

<sup>353</sup> Se konsa sòlda Bondye yo pran peche, maladi; jis osito ke yo rive la. Amèn. Se fason sa yo konkeri dout yo, ak perèz yo, ak bagay konsa. Lè youn leve, yo rache l. “Deplase sot sou wout la!” O la la! Se sa. Bondye chase yo, tankou Li te fè l nan Syèl la. Gran Kapitèn an Chèf nou an te montre nou kijan sa te fèt. Amèn.

<sup>354</sup> Roy Roberson ak Frè Funk, anpil nan nou ansyen veteran isi a, nou konnen kisa yon vrè kapitèn ye.

<sup>355</sup> Yon fwa mwen. . . ti sèvis ponpye Jeffersonville sa a anba isi a. Plas Pfau te pran dife. E men sèvis ponpye Jeffersonville ki te kanpe laba a, epi kapitèn lan ki tap fè ale vini, li te di: “Voye yon ti jè dlo anwo *isi a*.” “Sp-sp-sp-sp,” tankou yon ti tiyo awozaj la a. Men sila yo ki soti Clarksville te vini: “Voye yon ti jè dlo bò *isi a*.” “Sp-sp-sp.” Bilding Pfau a te boule.

<sup>356</sup> Yo te rele Louisville. Men gason ki byen antrene yo vini. O, ala sirèn yo te sonnen la a!

<sup>357</sup> Epi men kapitèn an chèf yo bò isi a, nan sèvis ponpye sa yo, yo te di: “Voye yon ti jè dlo anwo *isi a*. Voye yon ti jè dlo anba *isi a*.” Mesye sa yo san eksperyans.

<sup>358</sup> Frè, osito machin sa a te kanpe, kimoun ki te sou tèt nechèl la? Kapitèn lan. Lè nechèl sa a te monte, li te monte avè l. Lè li te rive bò fenèt la, li potko rive bò fenèt la. Li te pran rach li epi li te lanse l pou defonse fenèt la, epi li te di: “Vini, ti mesye.” E dife a te etenn, nan kèk minit. Yon kapitèn!

<sup>359</sup> Se pa yon kapitèn, ki di: “Voye yon ti jè dlo *isi a*. Eseye on tikal *isi a*.”



360 Men: “Vini, ti mesye!” Amèn. Li te louvri chimen an. Li te montre nou kijan sa te fèt.

361 Mwen te panse: “Sèvis ponpye byen antrene sa a, yo te etenn dife sa a nan kèk minit.” Poukisa? Yo te gen yon kapitèn la a ki te konnen kisa l tap fè.

362 Frè, pale de tout teyoloji pa w ke w vle. Denominasyon ou yo ke lòm fè, òganizasyon w yo: Jwe avè l.

Mwen gen yon Kapitèn an Chèf ki te di m kijan pou m fè l.

Ou di: “Ebyen, si mwen ka pran sant li, santi li.” O, san sans!

363 Men fason Kapitèn an Chèf la te di sa te fèt, nan Lik chapit 4 la. Mwen pa gen tan pou m li l. Li l, nou menm. Trè byen. Lik chapit 4 la, kòmanse nan vèsè 1 an.

364 Li pat janm di: “Kounye a M ap di nou. Ale bò *isi a* epi fè yon gran òganizasyon. Chwazi siveyan, ak dyak, ak, oswa pran kadinal, ak evèk, epi pran *sa a*.” Li pat janm di sa.

365 Lè Satan te rankontre Li, li te di: “Kounye a Ou grangou. Chanje wòch sa yo an pen.”

Li te di: “Li ekri . . .”

366 Li te di: “Anwo *isi a*, n ap fè W monte *isi a* epi montre W on bagay.”

“Men li ekri . . .”

“M ap fè *sa*, si W fè l.”

“Li ekri . . .”

367 Se konsa Kapitèn an Chèf la te di l te fèt. Kijan l te fèt, sè? “Li ekri: ‘Si yo poze men sou malad yo, yo va geri.’” “Li ekri: ‘Nan Non Mwen yo va chase demon.’” Amèn. Kisa l ye? “Li ekri!” Sa se lòd Kapitèn lan. “Li ekri: ‘Kèlkeswa moun ki tandè Pawòl Mwen yo e ki kwè nan Sila ki voye M lan, gen Lavi Etènèl.’ Li ekri! Li ekri! Li ekri!” Sa se—sa se lòd yo. Sa se sòlda a. Se fason an. Se zam sa nou met devan.

368 Kisa l te fè? Li te mache drèt la a, al jwenn yon Goliath. Li te montre yon . . . Kijan David te montre yon lame kijan sa te fèt? Kijan yon David te montre Izrayèl kijan sa te fèt? *David* vle di “sovè, byenneme.” Ou wè? Kijan David te fè l? Li te di: “Men fason sa te fèt. Fè Pawòl Seyè a konfyans.”

369 E Goliath soti la a, li te di: “Ou konn kisa? M ap ranmase w sou pwent lans sa a, e m ap nouri zwazo yo avè w.”

370 Li te di: “Ou kontre avè m kòm yon òganizasyon. Ou kontre avè m kòm yon savan modèn. Ou kontre avè m ak gwo tonton epe katòz pye w la. Ou kontre avè m ak yon kas ann eren, e ak yon moso bouklye ke m pat ka menm leve sot atè a. Ou kontre avè m tankou yon gerye ki antrene. Ou kontre avè m ak doktora an filozofi, ak doktora an dwa, ak doub doktora an dwa. Ou kontre avè m nan tout bagay sa yo. Men mwen vini nan Non Seyè Bondye

Izrayèl la, e jodi a m ap koupe tèt ou sot sou zepòl ou.” Amèn. Ti bout chè sa a kap soti la a kont jeyan sa a, men li te konnen ki kote li te kanpe.

Izrayèl, jis ap tranble dèyè la a: “O, pòv tibway.”

Goliath te di: “M ap montre w kimoun m ap fè.” E men l vini.

<sup>371</sup> Li te di l-a-f-w-a, ou wè, n-a-n J-e-z-i, senk wòch, senk wòch. Yon ti wòch anndan la a, pou kòmanse avè l. Li vire l tounen konsa, Sentespri a atrap wòch la, epi l t ale. Goliath te tonbe atè a. Se fason sa a l te fèt.

<sup>372</sup> Se fason sa a Jezi te di, sa L te di a. “Kounye a, si nou frè ki pral pati nan chan an, si nou vle konnen kijan pou n konkeri demon sa yo, m ap montre nou kijan sa fèt.”

<sup>373</sup> Satan te di: “M ap kontre avè w.” Goliath: “M ap montre W kisa m ka fè. Ou grangou. Si W se Pitit Bondye a, M ap ba W defi. Ou di Ou se Pitit Bondye a. M ap ba W defi. Si W se Pitit Bondye a, chanje wòch sa yo an pen. Manje; Ou grangou. E si W se Pitit Bondye a, Ou gen pouvwa pou fè l.”

<sup>374</sup> Li te di: “Men li ekri, kounye a: ‘Lòm p ap viv ak pen sèlman.’” O, sa se fason Kapitèn an Chèf la te fè l.

Li te plase L sou tèt somè tanp lan. Li te di: “Si Ou lage Tèt Ou anba,” Li te di: “Ou konnen li ekri tou . . .”

<sup>375</sup> Li te di: “Wi.” Li te di: “Li ekri, ankò: ‘Piga w tante Seyè Bondye w la.’” Ou wè kisa Li te rele Tèt Li? “Seyè Bondye w la.” En-en. “Piga w tante Seyè Bondye w la, li ekri, ankò, konsa.” Ou wè? O la la!

<sup>376</sup> Kisa L te fè? Li te bat li, ak Pawòl Bondye a. Taktik dyab la se pou fè w pa kwè Pawòl Bondye a. E Kapitèn an Chèf la te di: “Pran Pawòl Bondye epi fè L. Nan Non Mwen yo va chase demon.”

<sup>377</sup> O, Satan, kapitèn an chèf yo a, o, wi, nou konnen, kèk nan denominasyon sa yo eseye fè w kwè li gen yon sabo kwochi, nou konnen, ak yon ke ki fann, ak tout bagay sa a. Piga nou kwè li. Li pa fason sa a. Non, mesye, frè. Li se yon malen. Piga nou kwè li gen sa. Yo jis fè sa pou fè w pè. Se pa dyab la sa. Dyab la pa gen yon sabo, pou kòmanse; mwen doute sa anpil anpil. Li se jis yon espri. Dyab la se yon espri. Li pa gen sabo kwochi ak bagay konsa, tankou w eseye imajine w li. Non, non.

<sup>378</sup> Men, li saj. Frè, li se yon vrè òm saj, edike jouk nan bout, li te toujou sa, nan sajès lemonn. O, wi. Li bèl. Li òganize lame li ak sajès lemonn, jouk, frè, pigas nou eseye—eseye pwononse pawòl nou yo. Li ta pi bon pou nou konn de kisa n ap pale lè nou rankontre youn nan mesye sa yo, kap di: “Jou mirak yo pase.” Non, li pa gen—li pa gen yon sabo ki fann. Li, o, li—li—li sot dwat nan seminè. Li poli, frè. Mwen vle di, li entèlijan, doktora an filozofi, doktora an dwa, Q.U.S.T., ak tout rès li. Ou wè? Tout anndan la a, li jis entèlijan otan l kapab. Saj, sèten, li se yon

sèpan, pi anbachal nan yo tout. Cheve sire desann, frè, e, mwen vle di, abiye, e pa yon pli nan manto a. Entèlijan, jis saj menm jan an epi rize jan l kapab. Se vre.

379 Piga nou ranse avè l sòf si nou konn de kisa n ap pale. Se vre. O, men nou konnen vye taktik li—li yo. Nou konn kisa l ap eseye fè: fè nou pa kwè Pawòl Bondye a.

380 Epi li pa gen sabo kwochi. Non, non, non. Kounye a, nou dekouvri ke si li pat gen sabo kwochi, alò li dwe yon lòt bagay. Li se yon malen. Li saj, edike, òganize. Frè, li gen lame l konsa.

381 Gade, yon fwa, lòtbò an Swis. Mwen jis pa ka jwenn yon plas pou m kanpe, moun mwen yo. Gen yon—yon. . . Laba a an Swis, men lame Alman sa a vini, mar- . . . ak etranje yo k ap antre. Enben, li te sanble ak yon miray an brik; chak nonm te antrene, chak lans plase *konsa*, uit oswa dis pye sou devan. E yo tap mache sou pòv ti Swis yo laba a, kisa yo te genyen? Yo te ame ak—ak lam ki sot nan kouto digo yo, baton ak wòch, epi men yo te kanpe la a. Yo te kore yo. Dwat sou lòt bò ti mòn lan te gen kay yo. Men lame Swis la te soti pou rankontre yo. Yo pat fè yo anyen. Yo jis antre epi pran tè yo.

382 Kisa nan mond lan pitit sa a te fè, jis yon timoun? Satan, se moun li ye a, tap pran lavi li si l te kapab. Sètènman. Men li la a; anvan lè. Ou wè?

383 Laswis pa te fè anyen. Yo te moun ki bon. Yo tap eseye defann kay yo, men yo te kanpe la a pou defann yo. Apre on moman, te gen youn ki te rele Arnold von Winkelried. Men lame sa a vini. Yo tout te antoure. Yo te di: “Kisa nou ka fè?”

384 Toupatou, jis yon pil nonm, byen antrene. Se fason sa a Satan fè l. Byen antrene, lans li pwente dwat sou devan, chak nonm opa: youn, de; youn, de; yo te jis ap mache sou ti lame sa a. Yo te jis—jis kontinye ap mache, se tout sa yo te dwe fè, epi jis pike yo, chak grenn, ak epe yo. Lans yo jis kontinye transpèse yo. Sa tap fini ak lame Swis la. Se tap tout. Dwat sou ti mòn lan te gen kay yo ak byenneme yo. Yo tap ravaje medam yo epi vyole yo, e jenn pitit fi yo, ak timoun yo touye, ak kay yo boule, ak tout bagay, pran manje, betay, ak bagay konsa, yo tap repati. Men se la yo te ye.

385 Kisa k te rive? Enspirasyon te frape youn ki te rele Arnold von Winkelried. Li te di: “Mesye Laswis yo, jodi a m ap mouri pou Laswis.” Amèn. “Jodi a m ap mouri pou Laswis.”

Yo te di: “Kisa w ap fè?”

386 Li te di: “Jis swiv mwen epi goumen ak tout sa nou genyen.” Li te kanpe anwo la a; li te jete lans li, yon ti baton li te gen nan men l, *konsa*. E li te rele, ak men li anlè, *konsa*, epi li kouri nan direksyon sa a, ap rele byen fò: “Fè yon wout pou libète!” Li te kouri otan li te kapab, jis nan direksyon lame a. E, lè li te fè sa,

li te atrap chak grenn nan lans ke li te kapab, epi li te anfonse yo dwat nan lestomak li *konsa*, epi li te mouri.

<sup>387</sup> Li te di yo, anvan l te pati. Li te di: “Gen yon ti kay laba a, yon madanm ak kèk bebe ke m ap kite, yon ti kay ke m fèk achte.” Epi li te di: “Mwen—mwen renmen yo, men, jodi a, m ap mouri pou Laswis. Li bay pa m . . .” Li te di: “Mwen bay vi mwen pou sove nasyon an.” E se te yon ewo. Yo pat gen yon lagè depi lè a. Avèk sa, se te fini.

<sup>388</sup> Li te dewoute lame sa a, ak ewoyis sa a ki te tèlman demontre, jouk pat gen . . . Lame a—a te tèlman nan konfizyon. Laswis te woule wòch sou yo, epi fè yo kouri soti nan peyi a; e yo pat janm tounen depi lè a. Sa te fèt dè santèn lane de sa. Ou wè? Poukisa? Se te yon gran aksyon.

<sup>389</sup> Men, o, frè, yon jou, lè inyorans lan, sipèstisyon yo, dout yo, traka yo, ak perèz yo, te mete pèp Bondye a nan yon kwen, te gen Youn ki rele Jezikri: “Jodi a M ap mouri pou pèp la.” Se vre.

<sup>390</sup> Kisa l te di lame li a? “Swiv mwen epi goumen ak tout bagay nou genyen. Si nou gen yon matrak, goumen ak yon matrak. Piga nou pè. Nou gen yon baton, goumen ak yon baton. Nou gen yon wòch, goumen ak yon wòch, kèlkeswa sa nou genyen an.”

<sup>391</sup> Se sa ke Kapitèn an Chèf nou an di jodi a. “Mwen te pran Pawòl Bondye a, e Mwen te bat dyab la ak pouvwa li.” Li te rache l an lanmèl, amèn, ak Pawòl sa a. Kounye a, kèlkeswa sa w genyen, si ou jis gen yon sèl Pawòl: “Seyè Bondye w la ki geri ou,” rache li. Swiv. Amèn. Swiv Kapitèn ou a. Wi, mesye. Li te rache li.

<sup>392</sup> Satan, ak gwo, bèl wayòm li yo, ak plis bote, ak tout bagay, tout ajou. Sa pa gen anyen pou wè avè nou. Se vre. Li toujou pi rize nan tout bèt nan chan an. Wi, mesye. Jezi te di ke timoun nan mond sa a te pi saj pase timoun nan Wayòm Bondye a.

<sup>393</sup> Bon, de gran batay sa yo. Nou pral . . . mwen gen . . . dwe fenmen. De gran batay sa yo ap vin ansanm kounye a menm. Kounye a menm se lè lè maladi ak bagay frape mond lan, jouk lasyans medikal twouble, e tout bagay twouble. Pa gen anyen, e—e n ap jis . . . E lame a, ti lame Bondye a, ap kwense nan kwen an ak tout bagay. Frè, li lè pou yon lòt Arnold von Winkelried. Li lè, lè pou yon lòt òm de Dye kanpe devan. Li lè pou yon Eli parèt. Li lè pou yon bagay rive.

<sup>394</sup> Lame Bondye a, se pou nou fenmen panse nou. Pa kanpe pou yon minit, pou panse a anyen ke dyab la gen pou ofri nou atravè sans nou yo. Men sonje, Pawòl Bondye pa ka janm fayi.

<sup>395</sup> De gran lame sa yo! Lè lènmi an ap vini tankou yon flèv, jan l ap vini jodi a, kisa Bondye te di L tap fè? “Lespri Bondye a tap leve yon etanda kont li.” Èske w se youn nan yo? Wi, mesye.

<sup>396</sup> Yo anseye nou nan Jak 4:7, mwen pa gen tan pou li l, Jak 4:7, pou: “Reziste ak dyab la, e,” li p ap jis mache al lwen, men:

“I ap chape poul li.” “Reziste ak dyab la.” Kijan nou reziste ak dyab la? Menm fason Kapitèn an Chèf nou an te di nou fè l. Pran Pawòl Bondye a. Se konsa pou nou reziste ak dyab la, se pa Pawòl Bondye a. Kapitèn an Chèf la te di nou jis kòman sa te fèt. Trè byen.

<sup>397</sup> Kounye a, antan n ap fenmen, mwen vle di sa. Vye dyab sa a, kounye a, nou panse li ann eren. Nou panse l ap atake yon timoun? L ap atake nenpòt bagay. Li te atake Jezikri. Li vin sou Li, ak twa atak sovaj. Èske nou te konn sa? Satan pat jis sèlman atake yon fwa. L ap atake nou ak yon maladi, apre sa men l ap tounen epi atake nou, di nou: “Jou mirak yo pase. Nou pat geri. Pa gen anyen nan Li.” Nou konnen se vre?

<sup>398</sup> Li te atake Jezi twa fwa. Twa atak sovaj, li kouri sou Jezi, ak enkredilite li nan Pawòl Bondye. Jezi te Pawòl la. Sèten, li pat kwè li. “Si Ou se . . . Si Ou se . . .” Men l vini, atak sovaj, tankou lènmi an pafwa jodi a. Men yo vini, yo te di: “Si Ou se Pitit Bondye a, montre m yon mirak. Kite m wè l fèt.” Frè, twa atak sovaj kote li te fonsè: “Si Ou . . . Si Ou se . . .”

<sup>399</sup> Kounye a, kisa Jezi te di? Jezi te Pawòl Bondye a. Li te Pawòl la. Li te atake Pawòl la. Glwa! Mwen—m ap jis vin . . . jis santi m byen, pou preche kounye a, mwen onèt. Se vre. Jezi se Pawòl la. “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te abite, te fèt chè, e te abite . . .” Jezi te Pawòl la. Kisa L te fè? Li koupe l an lanmèl. O la la! Mwen pral sispann. Kisa Jezi te fè? Li te Pawòl la. Kifè, ak Pawòl la, Li rache Satan ak atak sovaj li a. Li te fonsè antre la a tankou yon gwoup para-, manm yon gwoup datak oswa yon lòt bagay konsa, li te fonsè sou Jezi, Pawòl la, konsa. E Jezi te pran Pawòl sa a, e te depatcha l an myèt moso. Alelouya! Sèten, Li te depatcha l an myèt moso, Li te bat li ak Pawòl la.

<sup>400</sup> Ou wè atak li a? Gade, koute byen, m ap fenmen avèk sa a. Atak li se kisa? Pa kwè nan Pawòl Bondye a, se sa atak li. La a, èske nou ka wè pi gran batay ki te janm livre a? Gen sèlman de fòs: Satan ak Bondye. E kisa zam Satan an ye kont nou? Se pou eseye fè nou pa kwè nan Zam nou an. Li dezame nou. Ann—ann koute vrèman an silans kounye a. Koute. Si l ka fè nou pa kwè nan Zam nou an, sa egal ak, si li fè nou kwè ke Zam nou an pa fò ase, li dezame nou.

<sup>401</sup> O, Frè Neville, mwen esepere nou pa janm kwè sa.

<sup>402</sup> Gade, li dezame nou lè l fè nou pa kwè nan Zam sa a. Lè nou poze Sa a atè, sa fini konba nou an, nou fini. Kenbe Zam sa a, piga nou poze L atè. Nou wè enkredilite li. Ke . . .

Yon bagay ankò mwen vle di kounye a, nan yon minit.

<sup>403</sup> Larisi. Mwen vle di sa pou avantaj veteran yo, e latriye, isi a, ak nou etidyan Bib la. Poukisa n ap eksite epi rele fò sou Larisi? En! Nou pa tandè m di nou pou nou bati yonabri pou bonm, se vre? Poukisa n ap eksite sou Larisi? Larisi pa anyen. Yo pa

pral genyen okenn lagè. Yo pa pral konkeri okenn mond. Kominis pa pral konkeri okenn mond. Ki pwoblèm moun yo? Èske Pawòl Bondye ka fayi?

<sup>404</sup> Koute, sa sou bann kounye a, m ap pale a mond lan, oswa kèlkeswa kote bann sa yo ka ale. E a nou moun yo isi a, sa pa enpòtan kèlkeswa sa ki rive mwen, kwè sa.

<sup>405</sup> Larisi, kominis, p ap konkeri anyen. Pawòl Bondye pa ka fayi. Womanis pral konkeri mond lan.

<sup>406</sup> Ann pran vizyon Danyèl la. Sa se Pawòl Bondye a. “Oumenm, O Danyèl . . .” “Oumenm, O Wa Nebuchadnezzar, se tèt annò sa a,” Babilòn. “Yon lòt wayòm ap vin apre w, ki se ajan,” ou wè, ki te Medo-Pès yo. Yon lòt se te Lagrès, Aleksann Legran. Pwochen an, answit, Wòm. E pat gen anyen ki te di sou yon kominis. Wòm te konkeri lemonn.

<sup>407</sup> Jezikri te fèt nan wayòm Women an, e Li te pèsekite, premye fwa Li te vini isi a, pa wayòm Women an. E nan dezyèm Vini Li an, ki vini kounye a, Mesaj Li pèsikite pa denominasyon Women yo, ki se manman yo tout. E lè Li retounen, L ap tounen pou l elimine wayòm Women sa a, ke Jwif yo te toujou tann pou L vini epi elimine wayòm Women an.

<sup>408</sup> Yerachi Katolik la ak tout denominasyon yo nan mond lan, kounye a menm ap reyini kòm yon òganizasyon, konfederasyon legliz yo k ap òganize tèt yo ansanm. Se pa Larisi. Se Wòm. ENSI DÌ SEYÈ A. Wi. Montre m yon Ekriti kote ki di ke kominis, oswa anyen lòt apa Wòm, ap dirije.

<sup>409</sup> Èske Medo-Pès yo te vin apre Nebuchadnezzar? Sèten. Èske Lagrès te vin apre yo? Wi. Èske Wòm pran la relèv sou yo, apati de la a? Èske l te separe an dis pouvwa Ottoman jis tankou nou genyen kounye a?

<sup>410</sup> Èske *Eisenhower*, ki vle di “fè,” *Khrushchev* vle di “ajil,” èske yo te gen reyinyon yo isi a menm? Epi *Khrushchev* te retire soulye li, [Frè Branham te frape sou lestrad la—Editè a.] pou fè l yon bagay klè, ki vizib, li te frape sou biwo a, *konsa*, pou montre moun yo. [Frè Branham te frape sou lestrad la.]

<sup>411</sup> Ebyen, ki pwoblèm moun yo jodi a? Ki kote lafwa pase? Enben, èske nou pa kwè Pawòl Bondye a se Verite a? E bagay sa a pa anndan *Isi a*. Ki pwoblèm predikatè yo jodi a? “Kominis!” Chak predikatè bò isi a ap eseye konbat kominis. Kominis, se pa anyen!

<sup>412</sup> Bagay la, dyab la ap souke l dwat anba nen nou, e nou pa konn sa; se Womanis, denominasyonis. E Wòm se manman denominasyon yo. Bib la te di: “Li te yon pwostitye, e pitit fi l yo te pwostitye,” kont Bondye, kont Pawòl Li.

<sup>413</sup> Sòlda, ranmase Pawòl la. Zanj mizèrikòd yo, rete ak Pawòl sa a. M ap peri yon jou, men Pawòl sa pa ka peri. E noumenm

jenn moun, si l pa rive nan jenerasyon mwen an, n ap wè. Men bagay la.

414 Èske nou te tande nouvèl yo maten an? Madam Kennedy ka pral, wè pap la, e kisa pap la te di? Ou wè, tout relijyon mond lan! O! Ebyen, petèt n ap pran on tikal plis nan sa, dimanch pwochen.

415 Ou wè, pa enkyete de Larisi. Larisi se yon ti wòch sou plaj la. Piga nou enkyete de kominis. Gade Womanis lè l ap reyini ak legliz yo. Pa gen anyen ki ekri nan Lekriti a sou kominis k ap dirije mond lan.

416 E mwen fonde sou Pawòl la, kèlkeswa tout rès sa k ap pase a. Se Pawòl la mwen kwè. Se Womanis ki pran mond lan. E Womanis se manman òganizasyon. Pa janm te gen yon òganizasyon jouk Wòm, e chak grenn nan yo sot nan li. E Bib la te di sa: “Li te manman pwostitye yo.” Mwen te ka rete yon demi jounen sou li, ankò, men mwen panse mwen te ka osi byen kontinye

417 Lè lènmi a atake nou, lè sa a: “O, mwen di nou, nou ta dwe vin jwenn . . .” Kisa nou pral fè, fè bak, fè konpwomi? Pa yon vrè sòlda, p ap fè l. Non, mesye.

418 Kisa nou fè alò? Panse a: “Kite panse a ki te nan Kris . . .” Èske se sa Bib la te di? “Panse a ki te nan Kris la, pou l avè nou.” Ki kalite panse Li te genyen? Rete ak Pawòl la. Se vre. Rete ak Pawòl la, Pawòl Papa a, e Li te bat lènmi an chak fwa. Kounye a lè lènmi a atake epi eseye di nou dwe fè *sesi* epi fè *sela*, kisa nou pral fè? Rete ak Pawòl la. Se vre.

419 Kisa nou vle fè alò? Pran Pawòl la. Kisa Pawòl la ye? Bib la te di isi a. Nou jis li li. Paske Espri a, e de Bondye, se Pawòl la. Ou wè? Gade isi a. “E pran kas sali a, ak Epe a, Epe Espri a.” Epe Espri a! Kisa? Espri a ki vini atravè panse nou epi antre nan nou, e Epe Espri sa a se Pawòl Bondye a.

420 Ak kisa Espri sa a konbat? Ak kisa Sentespri a konbat? Sansasyon? Santiman? Pawòl la; nan kè a! Fiouw! Glwa! Ak kisa Li konbat? Santiman? Pawòl la! Pawòl la! Ann di li: Pawòl la! Pawòl la! Pawòl Bondye a se ak sa Espri a konbat.

421 Espri Bondye a mache dwat sou dyab la, epi Li te di: “Li ekri!” Amèn! “Li ekri!” E dyab la sede.

422 Kisa pou nou fè? Pran Epe a, ki se Pawòl Bondye a, rale L ak (kisa?) yon men lafwa, yon men lafwa ki djann, Epe de bò a. Bib la te di, nan Ebre 4: “Se—Se yon Epe de bò,” ki koupe nan de sans ale epi vini.

423 Frè, kisa li fè? Pran Pawòl la. Pran Espri a, kite Espri a antre nan kè nou. Louvri panse nou, di: “Pawòl Ou vre.” Kounye a, fè sa, sè. “Pawòl Ou se verite.”

424 “Seyè, mwen pa pral fè okenn atansyon a kijan m santi m, kisa nenpòt moun, sa pwòt tèt ou ka di. M ap bloke tout bagay, m ap evakye tout wout ki bay aksè mwen yo, tout traka yo, ak

dout, ak enkredilite ke m te janm genyen. Tout santiman mwen te janm genyen, tout maladi mwen te janm genyen, tout lòt bagay mwen te janm genyen, m ap evakye yo tout. M ap pase sou tout sa. M ap vini tou dwat nan espri mwen. O Seyè, desann. Ou te di ke Ou te ban mwen lib abit.”

“Ou genyen l, pitit Mwen.”

425 “Trè byen, mwen ouvri kè mwen ak panse mwen. Antre, Seyè Jezi.”

426 E sezi Lafwa a, Epe Espri sa a, ENSI DI SEYÈ A. Rele: “Alelouya!” Amèn. Apre sa rache chak lènmi devan nou. Amèn. Men li. Rache chak lènmi. Si yon—yon vye espri efreyan kap fè nou santi n tou . . . Tranche bagay sa a, ak Pawòl Seyè a.

Men fòs nou, se: “Lajwa Seyè a se fòs mwen.”

427 “Rale kò w sou mwen.” Vlan! Tranche l ak Pawòl la. Kit li se demon, kit li se lènmi, kit li se maladi, kit li se yon enfimite, kèlkeswa sa l ye a, pran Pawòl sa a epi rale L ak Epe a. E si w frape l premye fwa a, li pa sanble l bouje, frape l ankò, epi frape l ankò, epi frape l ankò. E frape l jiskaske ou fè yon twou ladann, tankou yon ti poul kap fè fèt li soti; oswa yon èg, sa ou ye a. Fè tèt ou soti dwat nan vye kokiyo maladi sa a. Freye chimen ou pou soti, epi di: “Alelouya! Kote pwochen an ye?” Amèn. Sa se batay la. Sa se yon sòlda. Sa se sòlda lakwa a. Wi, mesye. Elimine tout lènmi.

428 Poukisa? Poukisa? Nou, yon Semans Abraham predestine, wayal. Lè Abraham te renye tout bagay ki te kont Pawòl Bondye, li te freye chimen l dwat atravè chak obstak ki vin devan l. Yo te di: “Madanm ou twò granmoun.” Li te jis rache bagay la sot sou chimen an. Dyab la te di: “Ou pa ka fè *sesi*. Ou pa ka fè *sela*.” Abraham te rache sa sot sou chimen an. Li te frape sa, epi te frape sa, jiskaske li te freye yon chimen ladann.

“Ki kote apre, Seyè?”

429 “Deplase tant ou *isi a*.” Li te monte epi te bati yon lotèl anwo la a pou Li.

430 Li te monte la a, e Satan vini, li te di: “Kounye a, m ap di w, sa se pa bon plas la.”

“M ap rete isi a menm. Soti sou teren mwen.” Li te di: “Alelouya!”

431 Lòt te di: “Li pi bon pou w vin anba isi a. N ap pase yon bon moman anba isi a. Nou tout gen òganizasyon nou anba isi a. Enben, madanm mwen se chèf sosyete literè a ak tout lòt bagay, nan vil la. Mwen di w, ou ta dwe desann isi a.”

Sarah te di: “Abraham . . .”

432 “Pe la, Sarah.” Alelouya! “Kanpe isi a menm. Sa se kote Bondye te plase m. Isi a menm kote mwen kanpe a.”

433 Men kote Bondye te plase m:



Tout aklame pwisans Non Jezi a!  
 Kite Zanj yo pwostène byen ba;  
 Pote dyadèm wayal la vini,  
 E kouwone Li Seyè tout bagay.

Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe;  
 Tout lòt teren se sab k ap bouje,  
 Tout lòt teren se sab k ap bouje.

434 Menm lanmò limenm, tout lòt bagay, se sab kap bouje. Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe.

435 “Semans wayal Abraham lan.” Semans wayal la! Enben, lame elit Angletè a se manm fanmi wayal Angletè a, ki san wayal, tout bagay. E Semans wayal Kris la se Legliz ki ranpli ak Sentespri a, ranpli ak Sentespri a. Kisa? Semans Wayal la, pa pwomès la, non pa sansasyon. Men, pa pwomès Bondye a, yo kanpe pa Pawòl Bondye a, epi yo freye chimen yo ladann, ap rele: “Alelouya!”

Menm lanmò vini epi li di: “L ap prepare pou pote w ale.”

436 Di: “Fè wout, Jouden. M ap travèse.” Freye chimen w dwat ladann, pou al nan Tè pwomès la. Amèn.

437 Kisa k rive lè tout batay la fini? M ap fenmen kounye a, se sèten. Lè tout batay la fini, epi sen yo vin ap mache opa pou al Lakay, mwen vle mande nou yon bagay, kisa ki te rive?

438 Kisa ki te rive lè Hitler te antre an Frans? Enben, yo te di nou pat ka menm wè syèl la, pou yon moman, poutèt avyon yo. Alman pat zwa yo. [Frè Branham chare pa zwa a—Editè a.] Ou wè, yo te kanpe, ap pase, ap selebre yon viktwa.

439 Lè Stalin te vini nan Larisi, sou yon distans plizyè kilomèt, chak chadaso jis on tikal dèyè lòt la, yo te jis bonbade Berlin jouk pat gen anyen ki te rete ladan l. Se tou. E lè yo t ale, e Alman sa yo . . . Sòlda Larisi sa yo tap selebre, yo te antre antan y ap fè sa, nou konnen, ti bagay dwòl sa ke yo fè a. Mwen te wè l nan yon fim, yon fwa a Lonn, kijan yo antre, evenman reyèl bagay la sou fim, kisa k te rive, yo tap antre, yo tap selebre. O la la!

440 Lè nou te tandè ke lagè a te fini, nou te rele, nou te soufle souflèt. Lè ewo yo tounen, nou te al rankontre yo laba a. Yo te kriye fò. Yo te rele. Mwen te gen yon kouzen ki te anndan la a, li te di, li lè tounen, tout ansyen. . . Veteran yo ke yo te tèlman kraze yo, yo pat ka soti nan kabann lan, kifè yo te jis woule yo sou tè bato a lè yo antre, pou wè Estati Lalibète a ki kanpe. Li te di: “Gwo tonton mesye sa yo ki kanpe la a, yo te jis ap kriye, epi tonbe drèt *konsa*, lè yo te wè Estati Lalibète sa a.” Yo te lwen lakay yo pandan katran, ap goumen, yo te sou chòk poutèt batay, ak tout lòt bagay. Men yo te konnen ke madanm sa a, ak cheri sa, ak manman sa, ak papa sa, ak pitit sa, ak tout sa yo ke yo te renmen, yo te jis la dèyè Estati Lalibète sa a. Li te reprezante sa yo tap goumen pou li a. O, souflèt yo te soufle, e New York te

antre nan yon rèl, se tou, lè ewo yo vini ap mache opa. Sa pral yon bagay minè.

<sup>441</sup> Yon fwa lè Seza, apre yon gran batay te fini, li te di: “Mwen vle gerye ki pi selèb mwen an monte vin kanpe bò kote m pandan gran fèt sa pou make viktwa nou sou lènmi nou.” E chak grenn nan ofisye yo te taye plim yo epi te klere boukliye yo, epi yo te mache pase, nou konnen, konsa, tankou—tankou vrè sòlda konsa. Apre yon moman, yon vye ti kanmarad pase, sikatrizè. O la la! Li te jis on jan gade anwo, epi li te kontinye mache, *konsa*. Seza te di: “Tann on minit. Tann on minit. Oumenm,” li pat menm abiye tankou yon—yon ofisye, li te di: “vini isit.” Li te di: “Ki kote w te pran mak sa yo?”

Li te di: “Sou chan batay la.”

<sup>442</sup> Li te di: “Grenpe isi a. Ou se nonm ke mwen vle ki chita bò kote m lan.” Poukisa? Li te montre ke li te nan batay.

<sup>443</sup> O Bondye, gen pitye pou yon nonm ki ka koupe men li nan yon bwat sadin epi ki jwenn yon sitasyon. Mwen vle pou m yon moun ki make nan batay yo. Jan Pòl te di: “Mwen pote nan kò m mak Jezikri.” Se pou sa mwen vle batay sou chan an.

<sup>444</sup> Yon jou, lè gran Kapitèn an Chèf nou an va vini, Ki te ame nou, Ki ban nou zam Bondye a, Sentespri a, Ki te ban nou Pawòl Li pou goumen avè L, pou ke nou kanpe la a; lè gran Kapitèn an Chèf nou an ap vini sou cheval Li, mwen vle monte sou cha a epi monte anwo avè L Lakay, pa noumenm? Alò lè mwen pran vye ti madanm mwen nan bra, vire gade isi a epi wè frè m yo ak madanm yo, ak pitit yo, lè nou kòmanse ap mache desann nan paradi Bondye sa yo, e Zanj yo ap ranpli lè a ak kantik, anwo a konsa, w ap pale de yon fèt!

<sup>445</sup> E lè batay la fini, nou va mete kouwòn lan. O la la! O sòlda lakwa a, maten an, rale bra lafwa sa a soti isi a, epi sezi Zam sa a.

<sup>446</sup> E sa a, sè, èske w pare? Rale Zam sa a soti, di: “Bondye, sa pa gade m kisa—kisa dyab la te di m, konbyen nenpòt lòt moun te di, maten an, m ap kwè, m ap kwè.”

<sup>447</sup> Jan m te di lòt jou a, yon ti . . . Mwen kwè kèk dimanch de sa, te gen yon mesye ki te fè yon rèv. Li te reve ke dyab la te yon vye ti bout bagay, ki te kouri sou li. Li te di: “Bou!” E li te sote dèyè, e dyab la vin pi gwo. “Bou!” E li te sote dèyè, e dyab la vin pi gwo. Finalman, dyab la te vin gwo menm jan l te ye a, li ta pral genyen batay la sou li. Li te konnen li te dwe goumen avè l ak yon bagay, kifè li te vire gade. Li pat ka jwenn anyen pou konbat li avè l. Li te jis ranmase Bib la. E dyab la te di: “Bou!” Li te di: “Bou!” tounen dwat sou li, e dyab la te vin pi piti, e pi piti, e pi piti. E, finalman, li bat li amò ak Pawòl la.

<sup>448</sup> Ou se yon sòlda, pa vre, sè? Pran Pawòl sa a epi di: “Li ekri.” Amèn. “M pa pral mouri. M pral viv. M ap chita dwat nan tabènak sa a epi louwe Bondye pou bonte Li, ak rèz yo.”

449 Nou kwè sa, sen yo? Amèn.

Annou bese tèt nou.

450 O Seyè Bondye, Kreyatè syèl la ak latè, kite yo konnen l jodi a ke Ou toujou Bondye. Sa pa enpòtan nan ki pwen mwen ta preche, konbyen bagay mwen ta di, Seyè, yon Pawòl de Ou regle sa.

451 Mouchwa sa yo poze isi a, ap reprezante moun malad. Mwen priye, Papa Selès, ke benediksyon W yo ak pwisans Ou va repoze sou yo chak, antan mwen poze men m sou yo. Bondye, nan Non Jezikri, mwen priye ke W va wenn mouchwa sa yo ak Prezans sen Ou, paske li ekri nan Pawòl la. Se pa anyen kont Pawòl la. Men sa te di nan Pawòl la, ke “Yo te pran mouchwa ak tablye ki te touche kò Pòl. Espri enpi te soti sou moun yo, e yo te geri anba diferan maladi.” Kounye a, nou pa Sen Pòl, men Ou toujou Bondye, e Ou toujou menm Sentespri a. Mwen poze men m sou mouchwa sa yo, nan Non Seyè Jezi, e mwen mande ke Ou beni epi geri chak grenn nan yo.

452 E, Bondye, ki lonje isi a sou yon kabann, li rete kouche isi a, anyen ke yon timoun, jis yon bèl ti fi. Li pa ka viv, Seyè. Satan te fè l mal. E doktè byenneme yo sou latè sa a te eseye anpil pou sove timoun lan, nanpwen dout. Yo jis pa ka fè l. Yo nan bout entelijans yo. Yo pa konn anyen lòt pou yo fè. Men, Seyè, mwen tèlman kontan ke gen yon lòt chapit ki ekri. Nou ka vire yon lòt paj, e nan paj sa a nou wè Gran Doktè a ki antre. N ap rele Li pou konsèy maten an.

453 Kounye a, Seyè, èske li pa ekri isi a nan Pawòl Ou, ke: “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè”? Seyè, si mwen pa yon kwayan, fè m youn kounye a. Si ti fi sa a pa yon kwayan, fè l youn kounye a. “Siy sa yo va swiv sila yo ki kwè; si yo poze men yo sou malad yo, yo va geri.” Li ekri tou: “Nan Non Mwen yo va chase demon.” Seyè, sa yo—sa yo se Pawòl Ou yo. Se Pa W. Se Pawòl Ou. E kounye a antanke sèvitè Ou . . .

454 Jan W te di: “Si gen de ou twa nan nou ki rankontre ansanm, M ap nan mitan nou; e si n ap dakò, tankou manyen yon bagay, epi mande, nou va resevwa li.”

455 Bondye, timoun sa a petèt se moun ki pi malad nan bilding lan maten an, paske li pa ka viv san Ou, pou pi lontan ankò, e se li ki pi malad. Kifè, nou tout, n ap dakò, tankou chak sòlda ki kanpe isi a. E nan gwoup sa a gen Semans wayal Abraham lan ki kanpe.

456 N ap mache antre drèt sou Satan kounye a. E ou ta fè otan prepare w pou ale, Satan, paske zam nou yo ap klere, koulè yo eklatan; gason yo ak fanm yo ap brandi Epe a, yap mache kounye a sou ou, pou ti fi sa a. Soti nan li, Satan. Kite timoun sa a. Antan ke lame Bondye vivan an, nou defye w. Kite l, nan Non Jezikri.

457 M al poze men sou li. E, Satan, ou te mare timoun sa a, ou te fè mal sa a. Mwen konnen ke w plis pase youn ki ka kare devan youn èt imen, men ou pa youn ki ka kare devan Seyè m lan, kifè mwen vini nan Non Li. Kite l, oumenm espri dyab la. Oumenm demon maladi, soti nan timoun sa a, epi se pou li ale lib, apati de jodi a. Mwen pwononse sa, nan Non Jezikri.

458 Kounye a, Seyè Bondye, Oumnem Ki te leve mò yo epi te pwouve ke Ou te Bondye, rebay jenn madanm sa a sante li ak fòs li ankò, pou ke li ka kanpe nan bilding sa a isi a. Dyab la pati kite l! . . . ? . . . pral geri li. Se pou li viv pou laglwa ak lonè Bondye.

Sa—Sa te pwononse, kounye a se pou l fèt.

459 Èske gen lòt anndan isi a ki vle leve men nou epi di: “Mwen vle pou yo priye pou mwen. Mwen malad. Mwen bezwen Bondye”? Mwen pa konn konbyen tan nou genyen. Nou gen ase tan pou kite moun sa yo pase bò isi a. Mwen jis santi m vrèman rekonfòte maten an kounye a. Wi. Wi. Mwen vle w desann isi a, Billy, epi jis pran petèt grenn seksyon sa a isi a menm, sou bò *sa a* bò isi a, pou kont li. Jis kite seksyon sa a vini an premye, apre sa n ap pran seksyon dèyè a apre sa, jis rive nan ale *sa a* la a. Apre sa n ap jis pran yo konsa, alò yo p ap . . .

460 E kounye a mwen vle Frè Neville ak kèk nan frè m yo ki predikatè yo pou kanpe bò isi a bò kote m, isi a menm, konsa nou ka fè yo redesann nan ale a ankò. Trè byen. Trè byen. Kounye a mwen . . .

461 Konbyen nan nou ki mete zam nou sou nou?

462 (Sa pral chanje kounye a. Al lakay ou, se pou w vin trè byen kounye a, vin byen.)

463 Amèn. O la la! Nou tout sòlda yo, rale Epe a. Rale Epe a, sòlda lakwa a, kontinye avanse, kontinye avanse.

Sou Kris, Wòch solid la, mwen kanpe.

Tout lòt teren se sab kap bouje.

464 Trè byen, vini dwat la a, desann dwat sou bò isi a. Tout moun nan priyè kounye a, antan yap pase.

Nan Non Jezi, geri madanm sa a. Amèn.

Rale Epe nou kounye a. Rete dwat nan plas nou, antan n ap rejwi.

465 [Frè Branham kontinye priye pou moun yo, anpil nan pawòl li yo pa ka disène—Editè a.] . . . ? . . .

Ann avan, sòlda Kreyen!

Mache tankou nan lagè,

Ak lakwa Jezi

A prale devan.

466 Retire kò w, Satan! Ki pwoblèm, sòlda yo? Èske nou pa panse nou ka konkeri? Li deja konkeri. Nou plis ke venkè nan Kris Jezi! Tout demon chase, tout lòt bagay. Amèn.

Vin isi a, frè m yo! . . . ? . . .

Mwen priye ke ou va geri . . . ? . . .

Geri frè m, Doc; geri li, Papa, nan Non Jezi.

Nan Non Jezikri, geri dam sa a. Vini . . . ? . . .

467 Kounye a, li te pran . . . Mwen te dwe mande frè dèyè yo. Toupatou, Seyè a . . . ? . . .

468 O Seyè Bondye, Kreyatè syèl la ak latè! O Bondye, Ou konn kisa ki nan kè li. Ou konn tout sou li. Mwen priye pou alafwa manman an ak papa a. Nan Non Jezikri, mwen remèt . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, mwen . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, mwen . . . ? . . .

469 Bondye, se pou W avèk sè m lan. Nou konnen, lane kòmanse fè pil e sa lakòz lanmò vle pran kò madanm lan. Kounye a, nan Non Jezi . . . ? . . .

470 Nan Non Jezikri, se pou ti fi sa a beni, Seyè. Batay nou gen nan lekòl la la a, mwen konn kisa l ap sibi. Mwen priye W va beni. Se pou li rale Epe sa a, maten an, epi avanse! . . . ? . . . Beni ti gason sa a, Seyè; l ap vini, ap rele Non Ou, maten an; mwen priye ke W prale avèk . . . ? . . .

471 Bondye, beni frè m, nan akòde li rekèt li. Nan Non Seyè Jezi nou an, mwen te pwononse li! . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, nou ofri priyè sa a.

Nan Non Jezikri, nou ofri priyè sa a.

Nan Non Jezikri, nou ofri priyè sa a.

Nan Non Jezikri, nou . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, nou ofri priyè sa a.

Nan Non Jezikri . . . ? . . .

Nan Non Jezikri . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, geri frè mwen.

Nan Non Jezikri . . . ? . . .

Nan Non Jezikri!

Nan Non Jezikri!

Nan Non Jezikri!

Nan Non Jezikri!

Nan Non Jezikri!

472 [Yon moun di: “Papa te mouri.”—Editè a.] Bondye, ede li, nan Non Jezi.

Bondye, nan Non Jezikri, nou . . . ? . . .

Bondye, nan Non Jezi!

Nan Non Jezikri . . . ? . . .

Nan Non Jezikri, geri frè m.

Nan Non Jezi . . . ? . . .

Ou konprann kounye a?

O Bondye, se pou sa ale lwen sot . . . ? . . .

473 Nan Non Jezikri, nou priye! . . . ? . . . Akòde sè . . . ? . . .

474 O Bondye, m konnen presye ti manman sa a, k ap travèse tout pwoblèm sa a, Mwen priye, Bondye, ke Ou va . . . ? . . . sou li.

Rale Epe sa a, Ed, epi avanse, nan Non Jezi.

475 O Bondye, geri madanm lan. Akòde rekèt li. Se pou li brandi Epe sa a devan li, nan tan difikilte a.

O Bondye . . . ? . . . maten an. Mwen priye ke W va . . . ? . . .

476 Papa Bondye, mwen priye ke W va geri frè nou epi fè l byen. E nan Non Jezikri . . . ? . . .

477 Bondye, mwen priye ke W ta geri sè nou, fè l byen, nan Non Jezikri.

478 Papa Bondye, mwen priye ke Ou ta—ta geri frè nou.

Geri sè nou, Seyè! . . . ? . . .

Papa, nan Non Jezi, geri sa, sè nou, Papa.

479 Papa, . . . ? . . . nou priye nan Non Jezi. Bondye, geri madanm sa a.

O Bondye, mwen priye ke Ou . . . ? . . .

480 O Bondye, beni li, Papa! . . . ? . . . Ala nou renmen vye kanmarad sa yo, Seyè. E mwen priye ke W va akòde rekèt li! . . . ? . . .

481 Papa Selès nou an, mwen priye ke frè mwen . . . ? . . . O Bondye . . . ? . . . li, O Bondye . . . ? . . . sòlda lakwa a. E l ap brandi Epe sa a, maten an, epi pike devan.

Bondye, nou . . . ? . . . Akòde sa, O Seyè, rekèt li.

482 Bondye, beni frè . . . ? . . . Mwen priye ke Ou va geri li, Seyè! . . . ? . . . Ba li dezi kè li, nan Non Jezikri.

483 O Papa Selès, ti minis Levanjil sa a, gòj li . . . ? . . . Kote li te lave nan po . . . ? . . . Bondye, mwen priye ke W va . . . ? . . . E pendan gran lame Bonye a ap avanse kounye a, ak Epe yo ki leve, bay manzè laviktwa, Seyè. Ti mari li isi a, Seyè, ki te leve soti sou kabann kansè sa a kote yo te lonje li, ap mouri ak yon kansè, e doktè yo te abandone li, antan li ta prale. E men li, maten an, yon ti sòlda lakwa a. Fòtifye li, Seyè, pou sèvis Ou, nou priye, nan Non Jezi.

484 Mwen vle ti dam sa a . . . Gen yon lòt bagay ak ti predikatè sa a isi a. Vin isi a, Frè Kidd. Yo te voye mesye sa a lakay li sot lopital

la, tou dènyèman, ap mouri, manje ak kansè. [Sè Kidd di: “Yon lane de sa.”—Editè a.] Yon lane de sa. [“De.”] De lane de sa, ak pwostat. Doktè Li te jis ba li kèk jou pou l viv. E yon jou maten, nou te monte la a, byen bonè, nou te ofri priye pou li, menm lan jis tankou pou ou, e yo pa ka menm jwenn yon tras li. Li te geri. Amèn. Li—li . . . [“Te dwe fè l antre.”] Li gen plis pwa kounye a pase l te janm genyen. Limenm ak ti madanm li a te nan chan Levanjil, petèt anvan mwen te fèt. Li isi a kounye a . . . [Frè Kidd di: “Senkansenk an.”] Senkansenk an. Anvan menm mwen te vini sou latè, yo tap preche Levanjil la. E men l isi a, geri, nan laj apeprè swasann kenz, oswa, [“Katreven en.”] katreven en. [“Nou te gen yon revèy, yon reyinyon de semèn, preche chak nwit.”] Li te gen yon revèy de semèn, li te jis òganize yon revèy de semèn, epi li te preche chak swa. Katreven en an, geri, ak kansè, lè li te granmoun.

<sup>485</sup> Trè byen, sè, se pou ou tan sa ye kounye a. Ou kwè? *Ann Avan, Sòlda Kreyen*. Trè byen, sè. Nou, a chak grenn nan nou, kisa nou pral fè? ENSI DI SEYÈ A. Kisa n ap fè, ap trennen bò isi a?

<sup>486</sup> Satan, ou pèdi. N ap travèse kounye a. N ap mache antre nan Tè pwomès la. Kisa sa ye? “Ki mòn sa ye, ki devan Zowobabèl la? Kimoun sa ye, ki kanpe devan la a? W ap vin yon plèn.” Poukisa? Ak yon Epe de bò, n ap rache l met atè a. Se vre. Trè byen.

Ann avan, sòlda Kreyen!  
 Mache tankou nan lagè,  
 Ak lakwa Jezi  
 A prale devan;  
 Kris, Mèt wayal la,  
 Ap mennen kont lènmi an; (Ak Pawòl Li.)  
 Ann avan nan batay la,  
 Ou wè, bannye Li yo ale!  
 Ann avan, sòlda Kreyen!  
 Mache tankou nan lagè,  
 Ak lakwa Jezi a  
 Ki prale devan.

<sup>487</sup> Alelouya! Kisa yo te fè? Premye bagay la te soti, nan batay, pou Izrayèl, kisa ki te premye bagay la? Chantè yo te soti, an premye. Kisa ki te swiv? Lach la. Apre sa batay la. Trè byen. Èske nou kwè l kounye a? N ap chante *Ann Avan, Sòlda Kreyen*. N ap retire tout dout. Leve sou pye nou kounye a, n ap mache nan batay la.

Ann kanpe kounye a, tout moun.

Ann avan, sòlda Kreyen!  
 Mache tankou nan lagè,  
 Ak lakwa Jezi a  
 Ki prale devan;  
 Kris, Mèt wayal la,  
 Ap mennen kont lènmi a;

Kijan n ap bat li? Ak Pawòl la.

Ann avan nan batay la,  
Ou wè, bannyè Li yo ale!

Ann avan, sòlda Kreyen!  
Mache tankou nan lagè,  
Ak lakwa Jezi a  
Ki prale devan.

Nou pa divize,  
Nou tout se yon sèl kò;  
Youn nan lespwa ak Doktrin,  
Youn nan charite.

<sup>488</sup> Tout sa ki kwè kounye a, di: “Amèn.” [Asanble di: “Amèn.” – Editè a.] Alelouya! Nou kwè sa? Nou se konkeran. Kote chak lènmi ye? Anba pye nou. Kisa nou ye jodi a? Resisite nan Kris!

<sup>489</sup> Kounye a, se fini, sè. Ou kwè sa? Al lakay ou kounye a. Ou santi w trè byen? Li di li santi l trè byen kounye a. Tout bagay trè byen.

<sup>490</sup> Konbyen moun isi a la a ki santi yo trè byen? E lè yo te rele fò, miray la te tonbe, amèn, e yo te pran li. Amèn. Yo te pran vil la. Amèn! Amèn! Nou kwè Li?

<sup>491</sup> Kounye a, pa bliye sèvis aswè a. Frè Neville ap isi a aswè a, e l ap pote yon bon mesaj pou nou. E dimanch, dimanch pwochen, si Seyè a vle, se pou n isi a.

<sup>492</sup> Kounye a annou wè, antan n ap soti. E kounye a, nan bilding lan, annou wè, antan n ap chante: *Ann Avan, Sòlda Kreyen*. E apati de jodi a, apati de kounye a, pa janm mete Epe sa a nan fouwo a ankò. Brandi li. Ann konkeri. “Yo te pati, antan ke venkè, e pou venk.” Trè byen, ankò, nan premye koupè sa a.

Ann avan, sòlda Kreyen!  
Mache tankou nan lagè,  
Ak lakwa Jezi a  
Ki prale devan.





*PI GRAN BATAY KI TE JANM LIVRE A* CRE62-0311  
(The Greatest Battle Ever Fought)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle nan dimanch maten, 11 mas, 1962, nan Branham Tabènak nan Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)